

SEIKO UCHICHEMA? TAURA!



...uye muimba yaIshe. Zvakanakisa kwazvo kuva pano, uye mukushumira Ishe Mwari wedu.

² Zvino, nguva dzose uyu mu—mukana wakanaka kwandiri kuuya kukereke, asi kuuya kwaHama Junie kuno, mukana wakawedzerwa kunaka. Ndaziva Hama Junior kwenguva yakati rebei. Uye ndakafara zvakananyanya kuona vachipinda munzira yakanaka iyi yekare yeEvhangeri, uye nokubuda vachiparidza Shoko. Nokuona Ishe vachivaropafadza, uyewo navanhu vose vachivaremekedza, izvi zvakangonakisa.

³ Zvino, ndinoziva kuti panga paine vamwe vanhu pano mangwanani ano, vabva kure kwazvo vachityaira motokari, uye vanofanira kudzokera usiku huno, nokuti zvichida, pamwe vanoenda kubasa mangwana, kwamamaira mazhinji, kudzika kuOhio. Uye, kana kuti kukwidza kuOhio, ndanga ndichida kureva kudaro. Zvino ndati rasikei kuti uku ndekupi; kukwidza kuOhio.

⁴ Uyezve isu takavimbisa kuti, usiku huno, tichava ne—nemutsara wekunamatira. Saka hatizi kuda kukubatai kwenguva yakarebesa. Kuri kupisa. Uyezve kuitira mutsara wedu wokunamatira. Asi tinoziva kuti matoropafadzwa nechekare nokuimba uye nechero zvimwewo zvamaita. Kwa—kwaropafadzirwa imi. Uye tinovimba kuna Mwari zvino kuti iYe acharamba ainesu uye otiropafadza, nokutipa chishuvo chemoyo wedu. Zvino maisa zvese zvamunazvo mukushumira uku, kuterera makapepuka kwenyu kwese, kutendeka kwese uye nekuperera kwamunogona. Uye ndange ndiri mumunamoto masikati ano izvozvi kuitira shumiro yeusiku huno.

⁵ Uye, iko zvino, ndinotarisa kuti kudzokazve nokuzova nemi zvakare nenguva pfupi. Uye imi mose mutishanyire, kumusoro kutabhenakeri. Tinonzwa kuti kereke duku ino munun'una wetabhanakeri. Ndizvo zvairi. Inongori munun'una muduku, wetabhanakeri. Ino iyi, neyokumusoro uko kweHama Graham, nedzakapoteredza. Zvino saka tinofara kwazvo kushanyira munin'ina wedu usiku huno. Uye tinovimba kuti munin'ina wedu uyu achakura ogokura nokukura kuzova mudzimai mukuru kwazvo. Uye ndinotenda kuti achadarowo, zvakare, kubudikidza nenyasha—nyasha pamwe nerubatsiro rwaIshe.

⁶ SaPauro akataurira Timotio, “Ramba uchidaro, munguva yakafanira, munguva isakafanira; ramba uchidaro. Tsiura—tsiura, tuka, nomoyo murefu wose neDzidziso. Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kutendera Dzidziso yakarurama; asi shure kwenzeve... kuvavira kwenzeve dzavo, vachazviunganidzira vadzidzisi...”

7 Saka tiri kuziva, kuti, kuva kwaMwari pano nesu ndechimwe chezvinhu zvikurusa. Ndange ndiri mukamuri, masikati ano, ndichinamata. Zvino ndafunga, “Chii chimwe chinhu chikuru kupinda kuziva kuti wakaponeswa?” Zvino imbonditauriraiwo kuti ndechipi chimwe chinodarika pakukura.

8 Ndakati kushamwari yangu, Hama Evans. Ini ndakati, “Hama Evans, dai ndine kabhatani pano kandaigona kudzvanya, zvino ndodzokera kuva namakore makumi maviri okuzvarwa, uye ndichizoramba ndine makore makumi maviri kwezviuru gumi zvemakore, uye ndova mambo wenyika yose uye ndisingachemberi nepaduku pose, ndichingoramba ndiri pazera iroro; ndova nezvinhu zvose zviri munyika, mumaoko angu pachangu, uye ndichigara mumutambarakede kwezviuru gumi zvemakore, zvino ndozoraswa pakupera kwezviuru gumi zvemakore. Kana kuti, ndodzvanya rimwe bhatani, ndobva ndafa pakarepo, ndine Hupenyu Husingaperi.” Ndakati, “Ndinodzvanya hangu bhatani reHupenyu Husingaperi, zvisina kana kumbofunga kaviri. Nokuti ko dai . . .”

9 Zvino vakatendeuka, zvino vakati, “Ndizvo chaizvo. Ko dai takararama zviuru gumi zvemakore, uye usiku huno, na eight kana nine o'clock, zviuru gumi zvedu zvemakore zvobva zvakwana?” Hezvoka izvo.

10 Saka hakuna chikuru kudarika Hupenyu Husingaperi. Uye Ndehwedu tose. “Ani nani anoda ngaauye.”

11 Zvino, Mwari havasi kuzowanira munhu mhosva yokuti, nokuti mutadzi, nemhaka yokuti akaberekwa ari mutadzi. Asi Mwari chavachawanira munhu mhosva nacho, ndechokuti anoramba ari mutadzi. Haana chikonzero chokuramba ari mutadzi, nokuti pane zvikwaniso zvakapiwa zvokururamiswa kwake kubudikidza naJesu Kristu. Saka tiri kuvimba, usiku huno, kuti kana varipo vamwe vari mukati kana panze, vasati vagamuchira Kristu, kuti uno ndihwo usiku apo chimwe chinhu chichataurwa kana kuitwa, chichakupeputsa, kusvika pachinhano chokuziva kuti unoda kuva naKristu.

12 Uye zvino kana wakangoMugamuchira soMuponesi wako pachako, uye usati wagamuchira Mweya Mutsvene, ndinovimba kuti usiku huno unoUgamuchira.

13 Ndiri kuona vamwe vekutabhanakeri pano. Ndichataura izvi pamusoro pasi vakuru. Maona? Chinhu chimwe chete chinodikanwa netabhanakeri kumusoro uko pakereke yedu, patabhanakeri paJeff, kuzvikumikidzazve pamwe nokuzadzazve noMweya Mutsvene. Ndizvozvo. Munhu wose anofanira kuenda paaritari kundonamata kusvikira awana kuvandudzwa patsva noMweya Mutsvene, kereke yose yozadzwa neSimba raMwari, ndizvo zvatinoda. Kwete kutabhanakeri yoga uko, asi Mutumbi waKristu, pasi rose, unoda kuzadzwa patsva. Ndinoda . . .

14 Dhavhidhi akati rimwe zuva, “Dzoreredzai kwandiri mufaro weruponeso rwangu.” Zvinoka akanga asina kurasikirwa neruponeso rwake, asi mufaro warwo. Zvino zvikasvika pokuti ndinenge ndisingachafariri kunamata kwangu, ruponeso rwangu, panenge pane chimwe chakanganisika pamwe panhu, nokuti, “Mufaro usingatsananguriki uye wakazara nekubwinya.” Mumwe wavo akati, “Ravira uye ugoona, Ishe vakanaka. Kutapira kunge huchi huri mudombo.” O, ndinofara zvakananya kuti ndakaravira uHwu. Ishe vakanaka. Uye ndinofarira huchi, asi handina kumboravira chero hwakaita seuHwu. Ndiho hwakanakisisa hwindinoziva.

15 Zvino tave kukasika kupinda mushumiro, toona kana tingakwanisa kuita kuti kereke igone kuenda nguva dzichiripo kuitira kuti vanhu vakwanise kuenda kunzvimbo dzavo, uye dzekwavanonamatira, kana kubasa mangwana, nekudzimba dzavo.

16 Uye zvino tiri kutarisira musangano mukuru kuMahombekombe okuMadokero, izvozvi. Zvino tinokumbira nokutsvaga minamoto yekereke ino pamwe nevanhu vose ava, kuti mundinamatirewo.

17 Mangwanani ano pane chimwe chinhu chaitika. Handisati ndamboenda, zvachose, kukereke duku, kunze kwekunge Mwari vandiitira chimwe chinhu chakatsaurwa. Ndinongozvifarira izvozvi. Zvino mangwanani ano, mushure mokunge ndapedza kuparidza, zviri muhurongwa hwakakwana, Mweya Mutsvene wadonhera pakati pedu ukapa shoko kuna Hama Jackson, izvozvi zvabva zvagara mandiri, masikati ose. Chokwadika, ndiri kutora tepi yacho, kuti ndigoiridza kakawanda, ndinokwanisa kuiwana. Nokuti, munguva shoma yapfuura, ndange ndichinzwa...Mudzimai wangu pano anozviziva. Ndange ndichimutaurira kuti Ishe vachandishanyira neimwe nzira, zvino uno. Uye zvinokwanisika kuti ange ari mashoko aye mangwanani ano, nokuti zvandipa maonero akasiyana. Zvandipa chidzidzo chandinoda kutaura nezvacho kwenguva shoma.

18 Ndinoda zvino kuverenga kubva mubhuku raEksodho, chitsauko 14 uye ndima 15.

Zvino JEHOVHA akati kuna Mosesi, Unochemeiko kwandiri? taura kune vana vaIsraeri, kuti vaende mberi:

19 Regai ndiverengewo ndima 16, zvakare.

Asi simudza...mudenga tsvimbo yako... utambanudzire ruwoko rwako pamusoro pegungwa, uritsemure nepakati: zvino vana vaIsraeri vachafamba pakaoma nepakati pegungwa.

20 Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo.

²¹ Uye zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate. Uye kana pane vanhu pano vanoda kurangarirwa mumunamato uyu, mungazivise here kuna Mwari neruoko rwakasimudzwa. Ishe vakupei chishuwo chenyu.

²² Ishe, isu zvino, mukuyeresa nokuremekedza uye sevana, tinofamba munharaunda dzinoyera dzemunamato. Tinoisa padivi zvinotirempera zvose, nechivi chose, nepfungwa yose inokurumidza kutikanganisa, kuti tigomhanya nekutsungirira nhangemutange yakaiswa mberi kwedu. Zvino apo tiri kupinda mujecha rakaropafadzwa, rinoyera remunamato, tichiziva izvi, kuti Jesu akati, “Kumbirai Baba chipi nechipi nemuZita raNgu, Ndinozviita.” Uyewo zvakare kwakanyorwa kuchinzi, “Kana muchigara maNdiri, uye Shoko raNgu richigara mamuri, kumbirai chamunoda, uye muchachiitirwa.”

²³ Zvino tinouya, Ishe, kwete nemuzita rekereke ino duku, kana nemuzita romufudzi wayo, kunyange tichivada, kana nemuzita redu pachedu, nokuti hatina chokupira kubudikidza nemariri. Asi tinouya nemuZita rakakwana pana zvose raIshe Jesu, uYo akatipa vimbiso, yokuti tikakumbira nemuZita raKe, tinogona kugamuchira chipi nechipi chatinokumbira.

²⁴ Uye hatingadi kukumbira chinhu chisipo chokufungidzira. Tingada kumbira izvo zvoga zvinokufadzai iMi. Munoziva zvinhanho zvedu. Munoziva zvatinoshaiwa. Munoziva izvo kereke ino duku zvainoshaiwa, uye chitsvago chenhengo imwe neimwe. Uye tinokukumbirai iMi, Ishe Mwari, kuti mutipeiwo, muhuwandu hwazvo, sokushaiwa kwedu. Dai Mweya Mutsvene mukuru waburukira pamusoro pechivakwa chino pamwe nemuvanhu ava, uye uchenese boka rino, kuti Mweya Mutsvene uwane hutongi nemuhana yoga-yoga iri pano, usiku huno, kubva kumwana mudukusa kusvikira kumukurusa. Tiitireiwo, Ishe.

²⁵ Mawoko aya asimudzwa, iMi manyatsoaona zvirokwasvo, Ishe. Kana kadhimba kasingadonheri mumugwagwa iMi mukasazviziva, zvakananyanya kudini pakuziva kwaMunoita kana mwana weNyu asimudza ruwoko rwake Kudenga achida chingwa. Takavimbiswa kuti haagamuchiri dombo, panzvimbo yacho. Tinoziva kuti iMi muchavapa chingwa icho chavanenge vakumbira. Uye tinoda kukumbira, kurangarira vose vanorwara pamwe nekutambudzwa.

²⁶ Ndinofara kwazvo kunzwa kubva kuna Hama Rogers, kuti vati vanzwa zvakanaka zvakanakwana zvokuti vagona kuenda kubasa. Tinofara kwazvo nokuda kwazvo, Ishe. Tinonamata kuti muvapodze, kuti kenza iyoyo isava—vakunda, asi kuti imiswe neropa raIshe Jesu. Nokutenda tinoisa Ropa raIshe Jesu pakati pekenza yorufu nehama yedu.

²⁷ Zvino tinokumbirira vose vane zvavari kuda, kwese-kwese. Zviwanirei mbiri kwaMuri. Remekedzai Shoko reNyu, Ishe,

sezvo taRiverenga. Uye tipeiwo shumiro huru yekupodzwa. Tinozvikumbara kuitira kubwinya kwaMwari, nemuZita raIshe Jesu. Amen.

²⁸ Musoro wezvandichataura, usiku huno, ndinoda kushandisa mashoko matatu: *Seiko Uchichema? Taura!* Uye sechidzidzo, dinoda kushandisa, “Maonero evanhu kumuzodziwa waMwari,” kwenguva pfupi, ingaita maminitsi makumi maviri, kana makumi matatu, ipapo tinozotanga mutsara wekunamatira.

²⁹ Mwari vaiva vadana Mosesi, nepadaniurwe akatsaurwa. Zvino Mwari kana vakadana munhu uye vomuzodzera ri—rimwe basa rakatsaurwa, Vanotarisisira kuti munhu iyeyo ariite, nemazvo. Mwari havadi kupa munhu kumwe kutumwa, iye oita zvokuzengurira kuriita. Vanoda kuti aende achipfuurira mberi uye ondoita nemazvo sezvaanenge atumwa. Usatarisa kurudyi kana kuruboshwe, asi famba uchienda mberi chete.

³⁰ Zvino vana veIsraeri vakange vari muhutapwa kwemakore mazana mana, asi Mwari vakanga vavimbisa kuti Vaizovashanyira. Uye Mwari vanochogeta vimbiso yose yaVanoita. HaVagone kunyepa. NdiMwari. Zvino nguva yakanga yakwana yokushanyirwa uku.

³¹ Uye ndinotenda, usiku huno, ndichifananidzira, kuti Mwari vakaita vimbiso yokuti iVo vachadzokazve. Ndinotenda kuti tave pedyo nenguva iyi. Nhasi mangwanani, pandanga ndichitaura nezvechidzidzo ichocho, ndanga ndave kutoda kunzwa ma—magetsi, tingangotaura saizvozvo, kuva pedyo kwaIshe Jesu.

³² Zvino, Mosesi akanga akadanirwa chinangwa ichi, asi aiva munhu. Mwari vakamudzidzisa kwemakore makumi masere vasati Vave kukwanisa kumbomushandisa; makore makumi mana ari mumuzinda uye nemakore makumi mana ari murenje.

³³ Mwari vanogona kudzidzisa munhu, zvoVatorera zana remakore, kuitira basa remaminitsi makumi matatu. Mwari vanoziva madzidzisiro acho.

³⁴ Zvakaiswa muna Mosesi nezvikoro, kwemakore makumi mana, zvakatora makore makumi mana kuzvibuditsa maari. Asi nguva imwe chete muHupo hweChizoro, nguva imwe chete muHupo hweGwenzi raipfuta, akaziva zvakawanda nezvaMwari kupinda zvaakadzidza mumabhuku mumakore makumi masere ohupenyu hwake.

³⁵ Mwari vanodzidzisa vanhu vaVo, vobva vavazodza, vovapa chiiitiko, vovapfuudza nomukudzidziswa kwakaomarara, zvichidzika nemujecha rekurangwa kunopisa, kuyedzwa, nokuiswa pakawoma. Havangodaro chete kuvaporofita vaVo, asi Vanozviita kuvana vaVo vose. “Mwanakomana wose anouya kuna Mwari anofanira kurangwa nokuyedzwa,” anoyedzwa neShoko raVo. Munoono, kana kurwadziswa kwasvika, nguva yakaoma, yatarisana nerufu, unogona kumira here

ipapo paShoko raMwari, woti, “Mwari vakataura kudaro. Zvatoringana?”

³⁶ Zvino Mwari vakanga vadana munhu akadaro, uye munhu uyu aiva Mosesi. Asi Mosesi, kufanana zvakananyanya sesu, nguva yose zvikasvika pokuti chimwe chinhu chiiitwe, Mosesi aidanidzira achiti, “O Ishe, ndodiniko pano pandava?” Zvino hazvisizvo here zvakanafanana nezvatinoitawo? Mwari vakanga vamuropafadza pamwe nokumuzodza kupfuura hama dzake, ndokumupa mharidzo neshumiro zvakanenge zvisati zvambovapo panyika kubvira pazuva iroro, kusvika pazuva iroro. Uye, zvadaro, nguva dzose paiitika chimwe chinhu, Mosesi aimhanya nacho kuna Mwari, “Ishe, ndoita sei? Ndodini pachinhanho ichi?”

³⁷ Mwari vakasvika pavakaita sokuneta nazvo, ndinotenda kudaro. Vakati, “Seiko uri kuchema kwaNdiri? Taura kuvanhu mobva maenda mberi.” Ini zvangu, kana pane nguva yazvakaratidza kuti vaifanira kudududza, ndipapa pachicho, asi Mwari havaduduze.

³⁸ Hakuna nzvimbo yokudzokera shure, muna Mwari. Endai mberi. Chiremba akati, “Ikenza,” enda mberi. Kana akati, “Iyi iTB,” enda mberi. Kana dhiyahore akati, “Haugoni kusiya izvi,” enda mberi. Kana veimba yako vakati wave kuzoita mupengo; enda mberi. Kereke ikakudzanga; enda mberi. Hakuna kudududza uchidzokera. Endai mberi.

“Taura, wobva waenda mberi.”

³⁹ Taura (chii?) Shoko raKe, wobva waenda mberi. “ZVANZI NAJEHOVHA,” wofambira mberi. Danidzira kuvanhu.

⁴⁰ Asi vanhu vakapanduka vakati, “Zvaiva nani deno takafira muEgipita. Zvaive nani kuti makuva edu ainyorwa mazita, pane kuti mapere nemagora zvizonhonga mapfupa edu murenje rino. Seiko wakauya nesu kunze kuno?” Mushure mokunge vaona kuti Mwari vainge vabvuma kuti Mosesi ave muranda waVo.

⁴¹ Mwari, kana Mwari vauya mumunhu, kana kuvanhu, muungano, mumurume kana mumukadzi, iVo vanosimbisa Hupo hwaVo. Ishe vanoratidza kuti Varipo. Nokuti kana Mwari vauya, zviratidzo zvomweya zvinotanga kuonekwa. Munhu uyu anobva ava munhu ashandurwa. Havasisiri sezvavaimbova. Chivi chanyangadika kubva kuhupenyu hwavo. Kutya nekupokana zvanyangadika, uyewo kuwodzwa moyo. Vakasimba, vakadzikama. Kurarama kana kufa, ndiKristu. Havachina hanyn’a nezvinouya kana zvinopfuura. Hapana chinovazunguza. Vanofamba vachienda mberi.

⁴² Uye Mosesi akashushana nevanhu, nevanhuwo vakashushana naMosesi. Zvino ndokuti, “Toita sei?”

Zvino, “Endai mberi,” ndiyo yaiva mhinduro yacho.

43 Zvino vakati, “Tiri kunze kurenje rino, uye hondo dzaFarao dzoswedera kwatiri, vadzika misasa pedyo shure kwedu.” Asi Mosesi aiziva kuteerera Mwari.

44 Zvino kana Mwari vatuma mumiririri, zvino iVo vobva vazodza mumiririri uyu, vobva vamutuma pasi rose, vanhu vanosungirwa kuterera mumiririri iyeyu. Zvakagara zvakadaro, zvichidzika nemuBhaibheri rose.

45 Mosesi akanga akadanirwa basa racho. Mwari vakanga vati, muShoko, Vaizozviita. Vakavimbisa kuti Vaizotumira chi—chinhu chakadaro muzuva iroro, kuzovadzikinura. Zvino Mwari vakaita chikamu chaVo, ndokutumira Mosesi. Zvino vana veIsraeri, nokungoda kwezvinetswa zviduku nezvinhu zvakauryako, kuti zvivayedze, vakakundika kufamba naMosesi.

46 Zvino hazvina here kufanana nanhasi? Tinoona Mharidzo ichiuya. Tinoona kereke ichisimuka kusvika panzvimbo, iri pamapapiro eMweya Mutsvene, kusvika Simba raMwari richifadza munhu wose aripo. Kubwinya kwaMwari kunoburukirapo, zvino zviratidzo nezvishamiso zvoitika. Pasina kupera svondo, Satani anotenderwa kuuya muungano iyi. Seiko achizviita? Mwari vanozvitendera. Zvino kereke inotanga kunyunyuta, yobva yadzokera. “Zvichida Izvi zvanga zvisivo.” Ipapo ndipo patinokundika. Ndiko kukundikana kwekereke. Zvisinei kuti kwaitika chii, ndiMwari. Famba upfuurire mberi.

47 “Zvakanaka,” woti, “pane Hama *Nhingi-nhingi*. Ndakashevedzera kukunda pamwe navo, asi vakadzokera. . .” Hazvina basa kuti vakaitei, izvozvo hazvinei nechokuita newe. “Zvakanaka, *nhingi-nhingi* muzvinafundo akati Izvozvo zvainge zvisiri izvo, akanga asiri i—Ishe.” Zvisinei kuti muzvinafundo ataura kudaro, iwe ndiwe munhu akamira panzvimbo inoyera. Ndiwe munhu wacho aiva pagwenzi raipfuta.

48 Ko deno, vazvinafundo veEgipita, ko deno Farao ainge akati kuna Mosesi, “O, wakangofungidzira kuti wakaona gwenzi. Unofunga kuti wakanga une. . .Kwaive kuwomba kwaive munzeve dzako”? Mosesi aiziva paaive akamira. Mosesi aiziva Chakataura naye.

49 Uye munhu wose akaberekwa neMweya waMwari, anoziva chinotaura naye panouya Mweya Mutsvene. Chinotaura zvorugare runopfuura kunzwisisa.

50 Mosesi akadanwa. Iye naMwari zvino. . .Mushure mokunge Mosesi agamuchira kudanwa kwake, akaenda zasi kuEgipita. Zvino aifanira kuita kuti vanhu vamutende. Zvino, ndiye aiva muporofita akazodzwa waShe, asi vanhu havana kumutenda; kunyange iVo, Mwari, vakazviratidza, nezviratidzo nezvishamiso zvaVakaita. Zvino nokuti havana kutenda Mosesi, muranda waShe, ipapo vakaparara murenje, uye mumwe nemumwe wavo akafa, akanga abva kuEgipita. Hapana kana mumwe chete wavo akaponeswa. Mumwe nemumwe wavo

akafa akaparara, kunze kwaJoshua naKarebhu, avo vakabuda kutanga, nokuti vakanyunyuta pamwe nokuchema-chema vachipesana neMharidzo yakasimbiswa iyo yakanga yakataurwa nezvayo naMwari muBhaibheri.

⁵¹ O, ndikazvifunga izvozvo! Kana Mwari vavimbisa chero chinhu, Mwari vanochengeta Shoko raVo. Uye kana Mwari vasimbisa Shoko iroro kwauri, zvino iwe chiRitenda. Mwari vakavimbisa, “Namazuva okupedzisira, Vachazodurura Mweya waVo pamusoro penyama yose. Majaya enyu achaona zviratidzo, vatana vacharota hope. Uye pamusoro pavarandakadzi navashandi-kadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu. Ndichaonesa zviratidzo mumatenga, nepanyika, nezviratidzo nezvishamiso zvikuru zvichaitika mumazuva ekupedzisira.” Hezvino tave pano mumazuva okupedzisira, uye Mwari vari kuchengeta Shoko raVo. Mweya Mutsvene uri pano, uye Unosimbisa Kuuya kwaIshe Jesu. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kana—Mupepeti.] Vanhu vanoUramba, uye vanonyunyuta zvokupesana naWo, sezvakaitewa kare. Ndirwo rudzikinuro rwedu.

⁵² Mosesi ndiye akange ari chi—chikwangwani cherudzikinuro rweIsraeri, maererano neShoko raMwari. Ngua yakaswedera pedyo. Mwari vakatuma Mosesi. Ndiye aive Chiedza chaMwari chezuva iroro.

⁵³ Uye, nhasi, nguva yaswedera pedyo. Mabhomba eatomiki atogadzirira. Nyika ichaputitswa kuita zvimedu, munguva pfupi, madota achazadza kwese panyika, hapana chimwe kunze kwedota rematombo akanyunguduka anopisa anobva pasi. Nguva yasvika. Uye Mwari vakavimbisa kuti Vachadurura Mweya waVo vobuditsa Kereke yaVo kunze. Zvino Mweya Mutsvene uri pano wakamiririra izvozvo, nezviratidzo nezvishamiso, kuratidza kuti iYe ndiJesu Kristu mumwe chete, muchimiro choMweya Mutsvene, achiita basa rimwe chete raAkamboita Ari pano panyika.

⁵⁴ Inopofomadza vanhu. Evhangeri nguva dzose inopofomadza vanhu kana vasingavhuri meso avo. Unototi ufambe, kana kuti Inopofomadza vanhu.

⁵⁵ Hongu, chiitiko chose muBhaibheri, kana Mwari vatuma nhume, uye nhume iyoyo ikagamuchirwa, kwakava nerumutsiriro panguva iyoyo. Asi vakasagamuchirwa, hakuna kuva norumutsiriro, asi kwaingove nenyonganyonga ichitevera kusatenda.

⁵⁶ Saka ndizvo zvazvakaitawo nhasi, pasina kutapudzwa. Ndinofunga kuti, nhasi, ndinoda kutaura nezvemumwe mudzimai wandiri kufunga nezvake, wemuBhaibheri. Zvino akanga akaipa, kutanga kwacho, akawora kwazvo. Mudzimai wechidiki, ane runako, aiva nezita rokuti Rakabhi. Akanga ari muhedheni, pakutanga kwacho. Uye aiva chipfeve

mumugwagwa. Asi akanzwa kuti kuna Mwari, kwete mupunzo unogara usingatauri, kana tsananguro yezvitendwa; asi Mwari chaiye anorarama pakati pavanhu vaKe, uye achivazodza, uye zviratidzo nezvishamiso zvaivatevera. Akanzwa nezvazvo.

⁵⁷ Rimwe zuva, vamiririri vaviri vakasvika muJeriko. Zvino nokukurumidza, iye ari mumugwagwa sechipfeve, akavadana, ndokuvaisa muimba yake. Ndokuti, “Vari kukutsvagai.” Zvino akavaviga.

⁵⁸ Zvino ndinofarira maonero ake. Haana kumboti, “Ndichazotenda, kana ndaona muzodziwa mukuru Joshua aita chiratidzo. Dai ndakaona Mosesi achiita zvimwe zvezviratidzo zvacho, ndaidai ndakatenda.” Asi akati, “Ndakanzwa.”

“Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko.”

⁵⁹ “Ndakanzwa kuti Mwari voKudenga, vanova ndivo Mwari chaivo, vanemi mose. Uye kuti Vakaita zviratidzo nezvishamiso zvikuru. Vakaomesa Gungwa Dzvuku. Vakaunza matenda muEgipita. Tinoona maunziro aVakaita muvengi wenyu mumawoko enyu, zvino nyika yedu yose iri kudedera, nemhaka iyoyi. Ini ndinokumbira kuitirwa tsitsi.”

⁶⁰ Haana kuti, “Ndinoda kuona Mwari uyu, kutanga. Regai nditore maonero angu uye nokutorawo kuti Rugwaro rwangu rwunotii nezvazvo.” Zvino, munoono, angadai asina kudziwana.

⁶¹ Asi, “Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko raMwari,” uye ndokubva atenda.

⁶² Zvino mashoko aya paakasvika kuna Joshua. Shoko rinoti *Joshua* rinoreva kuti “Muponesi,” sa *Jesu*. Apo... Zvino paakaunza kuna Joshua, muzodziwa waMwari, imba yomudzimai uyu yakatenderwa kuti imire. Zvino vanhu pavakafora kagumi nekatatu vachipotera masvingo eJeriko, uye vachiridza hwamanda, nzvimbo yose pamasvingo aya yakadonhera pasi, kunze kweimba yake, nokuti akatenda asati aona chinhu. Akazvigamuchira. Akati, “Ava varanda vaMwari WoKumusoro-soro, uye ndichazvigamuchira nokungonzwa bedzi. Ndinozvitenda.” Kutenda kunouya nokunzwa. Mukadzi akazvinzwa. Akazvitenda. Akazvigamuchira.

⁶³ Uye cherechedzai, vakati, “Sungirira tambo tsvuku iyi yawatidzikisa nayo, isungirire pahwindo.” Iyo “tsvuku” yaimiririra Ropa raJesus, yananiso. Nzvimbo yose mumasvingo aya yakawa, kusiya imba yaRakabhi. Yaiva iri pamusoro pemasvingo. Mwari vakamuremekedza. Uye iVo... Akaona shura guru rakaitwa ipapo rakafanana nokuwomeswa kweGungwa Dzvuku. Nokuti, ruwoko rwaJehovha rwaiva pamusoro penzvimbo duku iyi, kuichengetedza. Akanga agamuchira, vazodziwa vaMwari. Varanda vaMwari vakaendako, vakazodzwa, uye akazvitenda. Asati aona mashura, akazvitenda, zvakadaro, uye akazvigamuchira.

⁶⁴ Eria, muporofita waShe, akazodzwa. O, hongu, Mwari vakamuzodza kuva muporofita. Akanga ari mufudzi Eria. Handifungidziri kuti Jezebheri aingada kumudana kudaro, asi akange ari mufudzi wake zvisinei. Mwari vakamuita mufudzi wake, saka iye aimuvenga. Zvino Mwari vakamuudza, ndokuti, “Kwira mugomo undogara pasi imomo. Ndaraira makunguwo kukupa chokudya. Ndichakupa mvura kubva murukova Keriti.” Zvino akagara pasi ipapo.

⁶⁵ Zvino mambo akati, “Endai mundatora mupengo uyo mudzike naye kuno.” Zvino varwi, vose vakabata kutumwa kwavo namambo, vakatanga kukwira chikomo.

⁶⁶ Zvino Erisha zvichida akasimuka akataura zvakada kudai, “Varume, ino inzvimbo tsvene. Ndakadanwa naMwari kuva muporofita waKe. Akandiraira kuti ndimire panzvimbo dzino, ndichizivisa mharidzo yaKe. Uye mharidzo yangu kwamuri imi, ‘Musauye panzvimbo pano.’” Amen. “Garirai kure nepano, imi vasina kudzingiswa. Hamuna kuverenga here apo Mosesi muranda waIshe akayambuka mhiri kwerwizi, vasina kudzingiswa vakaedza kumutevedzera? Vose vakanyura. Garai kure nenzvimbo ino.”

⁶⁷ “O,” vakati, “mutana uya wenhema! Wakadzidzepiko chikoro? Tichanopindamo, zvakadaro.”

⁶⁸ Eria akati, “Kana ndiri munhu waMwari, moto ngaudonhe kubva Kudenga ugosimbisa shumiro yangu.” Zvino nenguva saiyoyo, moto wakadonha ukapisa vanhu makumi mashanu.

⁶⁹ Mambo anogona kunge akati, “Varohwa nemheni.” Saka akatumazve vamwe makumi mashanu, uye zvimwe chete zvikaitika. Kusatenda.

⁷⁰ Vanhu vanonyomba nekushora nekuita dambe neKereke yakazodzwa yaMwari mupenyu vachaparara rimwe zuva mugehena. Kunge kusiri kubvira kwemaminitsi mashoma. Kunogona kuva kwenguva yakareba.

⁷¹ Saka idzi inzvimbo tsvene. Vazodziwa vaMwari vanomira ipapo. Hakuna asina kudzingiswa kana chinhu chine tsvina chinogona kupinda ipapo. Ichi ichokwadi. Kana vatevedzeri vakaedza kuita sokunge ndivo vari kuzviita, munozoono kuti nokukasika vanozoshaya maturo. Asi vatevedzeri vanosimbisa chiiko? Kutu pane chemazvirokwazvo. Pana Mwari wamazvirokwazvo. Kune vamwe vanhu vanoda ku... Havazvitendi, asi vanoda kuita sokunge vanozvitenda. Asi munhu anoziva Mwari, munhu akaberekwa patsva neMweya Mutsvene uye azere neSimba raMwari, uye ane “ZVANZI NAJEHOVHA,” zvino anofamba achienda mberi. Vanoziva kuti pane chimwe chinhu chakarova moyo wavo. Vanoziva kuti zvavari kuita zvakanaka.

⁷² Saka Erisha aiva munhu waMwari, akazodzwa, wavaisatenda.

⁷³ Tarisai Dhavhidhi apo paakagara naNatani muporofita. Dhavhidhi, murume wepamoyo paMwari, uye aiva akazodzwa. Mwari vakamuzodza kuva mambo. Dhavhidhi akanga asingori mambo bedzi, asi aiva muporofita. Saka Natani ndiye aiva muporofita mukuru werudzi. Dhavhidhi waiva, tingangoti, munyori wenhetembo nemuporofita, munyori wenziyo, muridzi wenziyo. Zvino chiporofita chaizvoizvo, chingori sezvachiri, chinoita kunge rwi—rwiyo, pavanoporofita.

⁷⁴ Zvino, rimwe zuva apo muporofita namambo vakanga vakagara pamwe chete, Dhavhidhi akati, “Hazvina kunaka kuti ndigare muimba yomusidhari, areka yaMwari wangu, ichigara pasi petende.”

⁷⁵ Ndinoda kuti muterere, manzwi anokosha aNatani. Akati, “Dhavhidhi. . .” O, musapotsa kubata izvi zvino, pinda pakati pemitsara. “Dhavhidhi, ita zvose zviri mumoyo mako, nokuti Mwari vanewe.” O, ini zvangu, kana ndikafunga izvozvo! “Dhavhidhi, ita zvose zviri mumoyo mako, nokuti Mwari vanewe.”

“Seiko uchichema kwaNdiri?”

⁷⁶ Mwari anewe. Taura wobva waenda mberi. Mwari vakakuzodza. Fambira mberi. Usazengurira uri pano, uchiti *izvi*, *izvo*, kana *nezvozvo*. “Ndinofanira kutenda Mwari here? Ndovimba naYe here pane izvi?” Vimba naYe pakufema kwese kwaunoita.

⁷⁷ Akanga ari Mukuru wehondo mutekwatekwa Stonewall Jackson, uyo anga ari mukuru wangu wehondo wandinonyanyisa kufarira kubva pana Joshua. Stonewall Jackson akabvunzwa pane imwe nguva, “Unogona sei kumira uine varume vashomanana, apo vanokurwisa vakawandisa kwazvo?”

⁷⁸ Ndiwo mawaniro aakaita zita rake rokuti “Stonewall.” [“Chidziro chematombo”—Muturikiri.] Akanga asingatsukunyuki. Haaiziva kudududza. Murume akadai tomufananidza nei? Murume wokuti, maYankee pavakauya zasi vari zviuru zvakawanda, zvino iye akamira ipapo vari vashomashoma, asi havana kumutsukunyutsa. Akamira sechidziro chematombo. Vamwe varwi vose vevapanduki vakanga vadzokera shure! Ryans akauyapo, akati, “Idambudziko rei pana Jackson? Sei asiri kuenda?” Akati, “Amirepo sechidziro chematombo.” Ndipo paakwana dunhurirwa rake.

⁷⁹ Vamwe vakuru vehondo vakamubvunza, vakati, “VaJackson. . .” Murume, ane mumhu muduku, ane vhudzi dema nemaziso ebhuruu, hurefu hwake kunge mafiti mashanu nemainchi maviri, aiva muchinda mudiki akadzikama kwazvo, asingataurisi. Ndokuti, “VaJackson, sei muchigona kumira, mukupikiswa kukuru kwakadai?”

⁸⁰ Achiita sekunyara-nyara, akakavira shangu yake pasi. Akati, “Handimbonwi mvura ndisati ndatenda Mwari pamusoro payo kutanga.”

⁸¹ Ndipo pazviri apa. Hakuna kudududza muna Mwari. “Taura wobva waenda mberi.” Ndizvo chaizvo. Ndiko kuraira kwaMwari kuKereke yaVo. Hatina nguva yokunonokera.

⁸² Vanoti, “Rumutsiro rwakapera.” Harwuna kupera. Endai mberi. “Inguva yokuti chipentekosti chapera.” Harwuna. Inguva yokuti Pentekosti isimuke nemuZita raJesu Kristu zvino yobva yaenda mberi. Hakuna kudududza. Hakuna zvokugara panzvimbo imwe chete. Ngatifambe pamwe neMweya, kana kuti Mweya uoenda kune mumwe munhu zvino wokusiya wakamira. Iwe Utevere.

“Ita zvose zviri mumoyo mako, nokuti Mwari vanewe.”

⁸³ Jesu paAkauya. Bhaibheri rakati, Petro akati, “Nezuva rePentekosti, Jesu weNazareta, Murume akatsigirwa naMwari pakati penyu, (sei?) nezviratidzo, minana, nezvishamiso, zvaAkaita pakati penyu mose. Nokuti imi mose, momene, muri zvapupu kune izvi.” Iye Aiva chii? Aiva uYo muiti wezviratidzo, akazodzwa. Pane imwe nzvimbo Rakati, “Jesu weNazareta, Murume akatsigirwa naMwari pakati penyu.” Tsigiro yaMwari yaiva paAri. AkaMutsigira sei? Nezviratidzo, nezvishamiso.

⁸⁴ Jesu akati, “Kana Ndisingaiti mabasa aBaba vaNgu, ipapo musaNditenda. Asi kana Ndichiita mabasa aBaba vaNgu, zvino chitendai mabasa, kana musingagoni kuNditenda soMunhu.” Nemamwe mashoko, iYe akati, “Kana musingatendi kuti Ndini—Ndini iYe, muchapararira muzvivi zvenyu. Asi kana musingaNditendi, chitendaiwoka mabasa aNdinoita.” O, iYe akatsigirwa naMwari, nezviratidzo.

⁸⁵ Nikodhimo akazvitaura zvakanaka, paakauya usiku. Iye akati, “Ishe wakanaka, tinoziva kuti iMi muri mudzidzisi akauya achibva kuna Mwari.” Amen. Havaikwanisa kuzviviga. “Tinoziva kuti Muri mudzidzisi akauya achibva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu anogona kuita zvinhu zvaMunoita, mabasa aMunoita, kunze kwekunge Mwari vainaye.” Vakaziva kuti aiva netsigiro yaMwari, akazodzwa naMwari. Akange ari muranda waMwari.

⁸⁶ Kereke yaifanira kuzvicherechedza, kunyange vaiMuvenga. Vakamudana kuti dhiyabhore. Vakaedza kutsvaka mhando dzose dzezvikonzero. Asi kana yava nyaya yokutarisana nazvo sezvazviri, vakatenda kuti ndiYe aive Muzodziwa wacho, asi vakafunga zvakanyanya pamusoro petsika dzavo kupfuura zvavaiita chizoro chaMwari.

⁸⁷ Varume nevakadzi nhasi vanozvibatanidza neboka revane chimiro mukereke, vojoinha rimwe boka revananyanjere, nokuti vanoda zvokupinda muzvipoka zvavanhu venjere, asi vachiziva kuti Mweya waMwari une Hupenyu uye unofamba. Kristu

mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye zvaAkange ari kare, ndizvo zvaAri zvino, uye nokusingaperi. Zvino Mutumwa waMwari ari pano, Mweya Mutsvene. KuUramba ndirwo rufu, kuUgamuchira Hupenyu. Kutsigirwa! Vanhu vanoMugamuchira sei?

⁸⁸ Zvino, Mweya Mutsvene une Mharidzo imwe chete, “Taura Shoko. Enda mberi.” Ndizvo chaizvo. “Usachema kwaNdiri. Hero Shoko. Ritaure wobva waenda mberi,” ZVANZI NAJEHOVHA. Ndiyo Mharidzo yeMweya Mutsvene.

⁸⁹ Zvino vanhu vakatanga kunyunyuta. Vakafa. Hatidi kunyunyuta.

⁹⁰ Ndeapi mabasa akaitwa naJesu? Iye akati, “Mabasa aNgu anoNdipupurira. Mabasa aNgu anoratidza kuti Ndini ani. Mabasa aNgu anosimbisa zvaNdiri.”

⁹¹ Mwari pavakatuma Mosesi, mabasa akasimbisa zvaari. Mwari pavakatuma Eria, mabasa akasimbisa zvaari. Kana Mwari vakazodza munhu, mabasa ake anosimbisa zvaari.

⁹² Mwari pavakatuma Mweya Mutsvene mumazuva ano okupedzisira, mabasa anosimbisa zvaUri. Kujoinha kereke, kujoinha sangano, kugamuchira chitendwa kana dzidziso; kana uri iwo Mweya Mutsvene, zvinoreva kuti Mweya Mutsvene wakagara uripo nguva dzose mumhando dzose dzezvinamoto. Asi Mweya Mutsvene uyu unofanira kuva Mweya Mutsvene mumwe chete sezvaWaiva kare neZuva rePentekosti, kana kuti haUsi Mweya Mutsvene mumwe chete uya. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katatu—Mupepeti.] Haufanire kubvira wamboshanduka. Mweya mumwe chete. Unofanira kurarama nokusingaperi.

⁹³ Jesu akati, “Mabasa aNdinoita; uyo anotenda maNdiri.” Mutsvene Johani 14:7. “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo. Uyo anotenda maNdiri!”

⁹⁴ Hakuna munhu angatenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari kusvikira agamuchira Mweya Mutsvene. Unenge uchingozvitora nokutenda uchiUgamuchira. Haugoni kuti ndiWo. Unogona kuti, “Ndinozvitenda kuti ndiWo.” “Asi hakuna munhu anogona kuti Jesu ndiKristu kusvikira Mweya Mutsvene wava maari.” Bhaibheri rakadaro. Mweya Mutsvene unofanira kuuya, kutanga, zvino iWo wopupura. Unozoziva, pachako, kuti Jesu ndiye Kristu, nokuti iYe anenge ave kurarama mauri. Zvino Mweya Mutsvene mumwe chete Unozvizivisa nemuvanhu, “Zvino zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

⁹⁵ Kereke inoUseka nokuita dambe naWo. Tiri kungorarama muzuva racho. Ma—mamirire okunze ave kunyatsoibva kuitira bhomba reatomiki, pakutongwa.

⁹⁶ Kereke iri kugadzirira Kubvutwa. Takamirira. Kutarisira, kumirira! Kereke yakamirira Kuuya kwaIshe.

⁹⁷ Nyika iri kudedera, kufungidzira kuti ndiyani aчатanga kukandira mumwe bhomba. Isu hatina hanyin'a nazvo kuti nderipi richasvikako. Tiri kuenda *Kuno uku*, saka hazvina basa kuti nderipi richasvikako. Izvozvo hazvinei nechokuita nesu.

⁹⁸ Tiri kupembera, tichifara, uye tichitenda kuti rimwe zuva tichanzwa ruzha kubva Kudenga, zvino ipapo Anobva auya. Zvino Kereke yaKe ichabvutwa muchadenga, kunosangana naYe pamwe nokuzova naYe.

⁹⁹ “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo.”

¹⁰⁰ Petro akati, “Jesu weNazareta, muporofita akazodzwa, akazodzwa pamwe nokutsigirwa naMwari pakati penyumose, uyo imi mose, pachezvenyu, munoziva.”

¹⁰¹ Bhaibheri rakataura, zvakare, kuti, “Mwari vakazodza Jesu Kristu neMweya Mutsvene, zvokuti iYe akaenda achiita zvakana, achiporesa varwere.” Ichi chaiva chiratidzo chokuti Aiva izvozvo zvaAkataura kuti aiva.

¹⁰² Ndiyo nzira yaUnotumwa nayo naMwari. Ndiyo nzira yaUnofanira kuuya nayo muzuva rokupedzisira. Zvino Mweya Mutsvene unouya mumazuva okupedzisira haupo kutidhonzera kuchitendwa, handi kutidhonzera kukereke. Unotidhonzera kuna Mwari, uye zviratidzo zvomweya zvinotevera Mweya Mutsvene uyu. Ndezvipi zviratidzo zveMweya Mutsvene? Kana Jesu weNazareta aiva Munhu akatsigirwa naMwari, akazodzwa neMweya Mutsvene, ngatione mhando yeMharidzo yaAive nayo. Ko chii chaAkaita? Ko Akazvibata sei? Toona zvaAiita, zvadaro tinozotevera maitiro aKe.

¹⁰³ Tinoona kuti iYe paakatangisa kuuya, kushumiro yaKe, ave namakore makumi matatu okuzvarwa, paAkazodzwa naMweya Mutsvene, chinhu chokutanga chaAkaita, Akasangana nomurume a—ainzi Petro. Zvino Akamuudza, akati, “Zita rako rinonzi Simoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Akabva aMutenda.

¹⁰⁴ Seiko? Mosesi akanga ataura nguva yake isati yasvika, zvino akati, “Jehovha Mwari wenyu achamutsa Muporofita akaita seni. Ndicho chinozova chiratidzo. Munozoviva. Anenge ari Mwari-Muporofita. Mhesia uyu anova zvese Mwari neMuporofita, uye iYe anozoita chiratidzo choMuporofita paAnozviita.”

¹⁰⁵ SemaJudha nhasi. Lewi Pethrus akatumira maBhaibheri anopfuura miriyoni kumaJudha iwayo, maTestamente Itsva, avo vakanga vabva kune dzimwe nyika dzepasi rose, uye vaive vasati vambonzwa nezvaJesu. Vakange vari zasi ikoko kwemakore zviuru zviviri nemazana mashanu. Vakatangira kuverenga Testamente Itsva iyi. Zvino vakati, “Kana uyu ari iye Mhesia, tinoziva kuti Mhesia achange ari Mwari-Muporofita. Kana ari iye Mhesia, uye Asina kufa, asi Ari mupenyu zvakare, tinoda

kuMuona achiita chiratidzo choMuporofita. TinozoMutenda, nokuti Mhesia wedu—wedu ndiMwari-Muporofita.”

106 Jesu akati, paAkasangana naPetro, Akati, “Zita rako ndiSimoni. Uye zita rababa vako ndiJonasi.” Petro akadonhera patsoka dzaKe. Akaziva kuti uyu ndiye uye akataurwa nezvaKe. Nokukurumidza vakaenda, vakatevera . . . Firipo akaenda kuna Natanaeri kundomuudza zvaakanga awana.

107 Pakasvika Natanaeri pamberi paKe, Akati, “Heunoi muIsraeri asina kunyengera maari.”

Akati, “Rabhi, ndirini iMi pamakandiziva?”

108 Ishe vakati, “Firipo asati akudana, pawakanga uri pasi pomuti, ndakakuona.”

109 Iye akati, “Ndimi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo waIsraeri.” Vakaziva kuti Aiva ani.

MuSamaria uya, paakati . . .

110 Paya paAkati, “Ndipewo mvura Ndinwe.” Mudzimai uya, werudzi rwemaSamaria. Akati, “O, iyo . . .” Akati, “Ndipewo mvura Ndinwe.”

111 Akati, “Hazvibviri kuti imi maSa-. . .imi maJudha kukumbira maSamaria zvinhu zvakadaro. Ndiri mudzimai weSamaria.”

112 Iye akati, “Dai waiziva kuti Ndiyani waunotaura naye, ungapai waNdikumbara mvura yokunwa. Ndaikupa mvura dzokuti hauzouyi pano kuzochera.”

113 Hurukuro yakaenda mberi kwechinguva, kusvikira Aona paiva nematambudziko ake. Akati, “Enda utore murume wako muuye pano.”

Iye akati, “Handina murume.”

114 Iye akati, “Ndizvozvo. Wava nevashanu, uye uyo wauri kurarama naye zvino haasi murume wako. Wazvitauro zvakanaka.”

115 Mudzimai akati, “Changamire!” O, hama, kamwe-kamwe Mweya waMwari pamudzimai uyo! “Changamire, ndinoona kuti iMi muri muporofita. Tinoziva kuti Mhesia anouya, uyezve, kana iYe asvika, iYe achatiudza zvinhu izvi. Asi iMi ndiMi aniko?”

Iye akati, “Ndini iYe.”

116 Mudzimai akadonhedzera pasi chirongo chiya chemvura zvino hoyo achibva enda. Akanwa mvura kubva paTsime raifashaira mumoyo wake. Akamhanyira muguta zvino ndokuti, “Uyai, muone Murume uYo andiudza zvose zvandakaita. Ko handiye here Mhesia wacho?”

117 Ndizvo zvaAiva, zuro. Ndizvo zvaAri, nhasi. Zvakangodaro nokusingaperi. “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Seiko tichinokera? Seiko tichinetsika?

Tinonetseka here kuti Mwari vanopodza here kana kuti kwete? TakaVaona vachipodza zviuru, mapofu, varwere, zviroma, nevakaunyana mitezo. Avo vakafa, kufa kwavo kukapupurirwa, vomukazve, pasi pesimba remunamato wokutenda. Mweya Mutsvene unozarura, uye mazana anoporeswa, maziso asingaoni, nenzeve dzisinganzwi. Nyika inoedza kuzvifuratira. Vanoedza kuzvizunzira kure, asi havakwanise. Zvinoramba zvichidzokazve. Zviripo pamberi pavo. Haugoni kuMuzunzira kure kubva pamaoko ako.

¹¹⁸ Pakatanga kusimuka Pentekosti, makore makumi mana apfuura, vakati, “Hakuna kwainosvika. Iri iboka revaumburuki-vatsvene.” Zvokuenderera? Ndiyo kereke iri kukura nokukurumidza kupinda dzimwe dzose pasi pano. Gore rakapera yakabereka miriyoni nezviuru mazana mashanu zvevakatendeuka, izvo zvinodarika dzimwe kereke dzose dzakabatanidzwa pamwe chete. Miriyoni nezviuru mazana mashanu, gore rapera. Hezvoka izvo. Havazi kuwedzera kupfuta. Hava—vasi konodzima. Vari kupfuta, zvakatonyanya. Hongu.

¹¹⁹ Vanoti, “Ava vanopenga.” Vanoedza kudzinga vanhu kubva kwavari. Vanoedza kutora vanhu, “Ibvai kuboka iro. Musava nechokuita navo. Hapana nezviripo. Ibvai paRiri.”

¹²⁰ Zvisinei, “Kana ndikasimudzwa, ndinokwevera vanhu vose kwaNdiri.” Kana chiratidzo chikuru chimwe chete chaitika, cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vakataura nendimi, uye vakazvitenda. Mazana nemazana akawanda vakaita kudirwamo. Zvino zvakazosvika pokuti, vakaedza kuzviramba, Mwari vakapinda mazviri ndokupa dudziro pamusoro pachu. Zvino pavakangopedza nazvo, Mwari vakatumira chiporofita mumashure mazvo.

¹²¹ Vakati, “Kana pane mumwe pakati penyu, asina kudzidza, zvino mumwe otaura nendimi. Asi kana pane mumwe anoporofita achizivisa zvakavanzika zvemoyo, ipapo vose vanowira pasi vachiti, ‘Mwari unemi zvamazvirokwazvo.’” Chii? Hecho chiratidzo chiya chaMhesia zvakare chichiyaya. Hongu, changamire. Kana mumwe akazivisa zvakavanzika zvemoyo, ungangose inoti, “Zvamazvirokwazvo Mwari anemi.” Chiratidzo chaMhesia, ndizvo zvazvinenge zviri. Tinozviona. Vachiwedzera kuedza kuzviramba, ndiko kuwanzwa pane izvo Mwari vanozaita.

¹²² Zvino rimwe zuva iYe achaneta nekuvazunguza. Achaneta nekusunda Kereke kwese-kwese. Zvino paAnodaro, Achazenge akwana, zvino Achazotumira rundaza rumwe chete rwekutongwa. Uye Achatambanudzira pasi ruwoko rusina magumo osimudzwa Kereke yaKe. Ichabhururuka ichienda, o, kubwinya, ichabhururuka ichienda ari mangwanani. O, ini zvangu! Ndinoshuvira kunge ndiripo. Ndichange ndiripo. Mangwanani iwayo paAchatora mapapiro amangwanani

obhururukira mumaoko oMudiwa wake, o, richange riri zuva rakadini!

123 Nhasi, tiri kurarama. Sei tichinetsekana? Sei uchifunganya? Sei uchimirira? Taura upfuurire mberi. Usachema, uchiti, “O Ishe, kuda kweNyu here kupodza, nhasi?”

124 “Hongu, kuda kweNyu.” ZVANZI NAJEVOVHA, kuda kwaKe.

125 “Ndinogona here kugamuchira Mweya Mutsvene nhasi? Mazuva eminana akapera here?” Zvirokwazvo mazuva eminana ari pano, nokusingaperi. Mweya Mutsvene uri pano.

“Vanhu vanotaura nendimi nhasi here?” Bhaibheri rakadaro.

“Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

126 “Vanhu vanodudzira ndimi here?” Bhaibheri rakati vanodaro. Ndzivo zvazviri.

127 ZVANZI NAJEHOVHA, taura. Usachema. Taura wobva waenda mberi. Mwari havadi boka ravacheche vanochemba. Vanoda varume mikonu. Kwete vana deno-deno, “Deno ndinaZvo. Deno ndichigona kuita *zvakati*.” Mukono unomira mumukaha, ameni, vanotaura kuti vakakunda, vonotaura kuti vakadanwa, mukati merima. Zvisinei nezvingataurwa naani zvake, tinotaura tobva taenda mberi.

128 Tendai Mharidzo. Mwari vari pano. Vachasimbisa Mharidzo yavo. Mwari vari pano. NdiMwari mumwe chete zvaAiva kare uko kuGarirea. NdiMwari mumwe chete zvaAiva mumazuva aMosesi. Havakundiki. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mweya Mutsvene wauya, zviratidzo zveMweya Mutsvene.

129 Jesu akati, “Kana Ndisingaiti mabasa aBaba vaNgu, zvino musaNditenda. Asi kana Ndichiita mabasa aBaba vaNgu, zvino imi chiNditendai.”

130 Apo paakataurira mudzimai patsime, chimwe chinhu chakange chisina kumira zvakanaka naye, mudzimai akati, “Uyo ndiMhesia.”

131 Iye akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita achaaaitawo. Uye anopfuura aya achaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba.” Zvino, Bhaibheri reKing James rinoti “makuru kudarika.” Ukatora repamavambo, haritauri richiti “makuru kudarika.” Zvingagoneka seiko kuita makuru anodarika? Vakamisa zvakasikwa. Vakapodza varwere. Vakamutsa vakafa. Vakachenesa vaiva nemaperembudzi. O, Vakaita zvole. Asi Vakati, “*Akawanda* nokupfuura muchaaaita. Nokuti haNdinge bedzi ndinemi, asi Ndinenge ndiri mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Ngatinamatei.

¹³² Ishe Jesu, shoko rimwe bedzi kubva kwaMuri rinoreva zvakawanda kupinda zvose zvingataurwa navaparidzi vose vari munyika. Izwi rimwe bedzi, Ishe, taurai. “Usachema. Taura! Enda mberi.”

¹³³ NdinoKuonai rimwe zuva muchiburuka kubva mugomo. Maiva nenzara. Makatarisa mumuti. Maitarisira kuwana maonde imomo, asi makanga musina maonde. Zvino makatarisa muti wacho mukati, “Hauchafi wakabereka mamwezve mawonde.” Zvino Akafamba achienda.

¹³⁴ Zuva raitevera, kunge masikati, pavaKapfuura napo, muti wakanga watanga kusvava. Zvino mumwe wevaapostori, aiva nezita rokuti Petro, akati, “Tarirai muti, kuti wakurumidza sei kusvava, kubva iMi pamakautuka.”

¹³⁵ Iye ndokuti, “Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana *ive*, kana ukati kugomo iri, ‘Simudzwa ukandwe mugungwa,’ usingapokani mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, uchava naizvozvo zvawataura.”

¹³⁶ O Mwari, ivimbiso yakadini! Yakabva kuna ani? Iye Musiki wematenga nenyika. “Aiva munyika, uye nyika yakagadzirwa naYe, uye nyika haina kuMuziva.”

¹³⁷ TinoKutendai, Ishe, nevimbiso iyi, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.”

¹³⁸ Zvino, Baba, mu...Kutevera Mharidzo ino, dai Mukangotaura, usiku huno, chimwe chinhu chakanangana nezvomweya.

¹³⁹ Kuti, zvichida pamwe mumwe munhu pano anga asina kumboziva kuti Muchiri kurarama nenzira iyi, kuti vazotenda zvichida kuti Makamuka kuvakafa, kuti, “Kumwe kunhu uko kuNyika iri kure-kure inonzi Denga, kuti iMi munogara ikoko muchiraira kwese, kuti isu tive nezvitendwa zvedu nezvakadaro.” Hupenzi hwakadini kuti munhu agamuchire izvozvo, nechikonzero bedzi chokuti havana kudzidziswa Bhaibheri.

¹⁴⁰ Makati, “Ndinemi kusvika kumagumo enyika. Ndinenge ndiri mamuri, uye mabasa chaiwo aNdinoita muchaaitawo. Handizi iNi ndinoita mabasa, asi Baba vanogara maNdiri.” Makati kuvadzidzi, “Musafunganya kuti muchataurei. Hamuzimi munotaura. Mweya uri mamuri, ndiwo unotaura.” O, tinokutendai sei iMi, Mwari Mutsvene-tsvene, nokuda kwevimbiso idzi! Ndinofara kwazvo kuzviziva!

¹⁴¹ Moyo wangu unopembera, kuziva kuti pano izvozvi, ini ndatove namakore makumi mashanu okuzvarwa, uye ndichirarama pano mumimvuri yenguva. Panguva yemadekwana ehupenyu hwangu, uye ndichiona nguva yemadekwana enhoroondo yepasi pano, kwaswewera paKuuya

kwaIshe Jesu, uye nokuziva kuti Chokwadi ichi chikuru chakazorora muchipfuva changu. Chinopfuta somoto. Mufaro usingatsanangurike uye wakazara nokubwinya. Pane shungu ipapo dzinodanidzira, kudanidzira pasi rose, “O, Mugamuchirei, nguva isati yapera.”

¹⁴² Zviitei, Ishe, kuti, usiku huno, kuti muenzaniso wakakwana uyo watakapiwa naKristu, udzoke kwatiri usiku huno muSimba raKe rokumuka kuvakafa. Zviitei, Ishe, kuti mbiri ipiwe kuna Mwari. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Zvino ndokutenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari

Ndi . . . (Zvino pindai mumweya wokunamata.)

NdinoMuda.
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Zvino ndokutenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari

[Hama Branham vanotanga kuimba nemahon’era *NdinoMuda*—Mupepeti.]

¹⁴³ Ishe, Oh Ishe, uyai zvino. Tinotenda maMuri. Uye tinokumbira kuti iMi mutizodze, zodzai muranda weNyu, Ishe. Torai meso angu nemiromo yangu, pfungwa yangu—yangu, njere dzangu—dzangu, zvishandisei kupa iMi mbiri. Taurai kubudikidza nemuranda weNyu, Ishe. Inzwi nomunzeve dzeungano. Ipai kubwinya. Zviwanireyi mbiri kuZita reNyu, Ishe. Ngakurege kuva neanosara ane hutera pakati pedu, panopera shumiro ino.

¹⁴⁴ Zvino, ndataura, Ishe, kuvanhu. Zvino, chitaurai iMi uye isu tichabva taenda mberi, tichiKutendai, kuti Muri pano nesu. “Musatye kaboka kaduku, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kukupai Humambo.” Tinozvitenda izvozvo, Baba. Zvino, torai shumiro, Ishe. Pano ndipo pandinogumira. Zvave kutora iMi, kubva pano kuenda mberi, Ishe. NemuZita raJesu Kristu, ndibatsireiwo. Amen.

¹⁴⁵ [Chibenga patepi. Hama Jackson vanoporofita—Mupepeti.] Amen.

¹⁴⁶ Zvino, uyu unonzi mweya wokuporofita, onowira pane vakasiyana-siyana. Maona? Zvino, Akaita “vimbiso,” Akatipa vimbiso, zvinoreva izvo kuti Ari pano. Maona? Zvino, Junie muchinda muduku anonyara. Izvozvo hazvina kumufanira kuti ataure saizvozvo, asi, kana chizoro chabata, munoono, chinhu chakatosiyana zvino. Ndizvo chaizvo. Zvinoti, dzimwe nguva, Mweya waMwari unocheka somunondo unocheka nemativi ose maviri, munoono, uye Unoita zvinhu. Zvino, tinotenda Mwari, kuona zvinhu izvi.

¹⁴⁷ Zvino, ndinotenda kuti Junie naBilly vagara pano chinguva chapfuura. Ndizvo here? . . .kuti, kana, hongu, kuti vape makadhi ekunamatira kana zvimwewo. Zvanzi, “Kune vamwe vevanhu vauya.” Zvino tanga tichitarisira vamwezve vashoma, zvichida kubva kunze nekwakadaro, asi vati panga pasina vakawandisa. Saka tichaisa varipo mumutsara, zvichida, panguva imwe chete.

¹⁴⁸ Tichatanga panhamba potsi, toronga vanhu vose mumutsara, zvino tonamatira mumwe nomumwe wavo vose. Saka tichaona kana Ishe vachazarura chimwe chinhu kwatiri, mumutsara wekunamatira. Tichatanga kubva panhamba potsi, boka rose rorongwa mumutsara. Ndiani ane kadhi rine nhamba potsi? Mungauyawo here? [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Jesu anonzwira,
 Anotaura moyo wakaremerwa ufare,
 O, inzwa inzwi raJesu.
 Rusambo rwunotapirisa muchimbo
 cheserafimi,
 Zita rinotapirisa parurimi rwunofa,
 Nziyo inotapirisa yati yamboimbwa,
 Jesu, akaropafadzwa Jesu.

¹⁴⁹ Ndanga ndichitarisa mumutsara. Handina chokwadi, handifungi kuti mune munhu arimo . . .

¹⁵⁰ Musikana uyu amire ipo *pano*, ataura neni kuseni, ndokundiudza kuti auya achibva kumwe kunhu, kuti akambo—akambopodzwa kamwe mumisangano, asi hapana chaambotaura nezvake. Angoti akambopodzwa kamwe mumisangano. Ndinotenda kuti zvanga zviriro izvo.

¹⁵¹ Uye muchinda ari shure kwake, handitendi kuti ndinovaziva vari vaviri. Kana, mudzimai uyu, handizivi.

¹⁵² Ndinoziva Hanzvadzi Funk. Ava vari *pano* ava, ndivo vandinoziva, ipo *pano* apa. Hanzvadzi ndivo voga vandinoziva imomo, pari zvino.

¹⁵³ Zvino, kana mumwe munhu akauya mumutsara, uye kana ndichivaziva, saka, ndichaedza kusataura chinhu, munoziva, chinodarika munamoto. Nokuti munozofunga kuti vanhu vacho vazvitaure kare kwandiri.

¹⁵⁴ Asi, zvino, hatizivi kana Mweya Mutsvene uchazotaura chimwe chinhu. Unogona kurega. Asi heuno *pano* wakakwana, wakakwana . . .

¹⁵⁵ Hama, zvino, pane chinhu chimwe chete, kutaura chimwe chinhu; chimwe chinhu chacho, kuzozviona zvichiratidzwa. Bhaibheri rakati, “Edzai zvose,” (zvo, se) “zvinhu zvose.” Zvadaro, “Batisisa kune icho chakanaka.”

¹⁵⁶ Zvino, kana Jesu Kristu ari vamwe chete zero, nhasi, nokusingaperi, iYe haashanduki, ipapo Anofanirwa kuita

muKereke maKe, iye zvino. Vangani vanoziva kuti Kristu Mweya waMwari? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Tose tinozviziva izvozvo. NdiYe Muzodziwa. Jesu akanga ari muzodziwa.

157 Ndipo apo vanhu, vanotenda kuti kuna vanamwari watatu kana vana vakasiyana, pavanozvivhiringidza. Maona?

158 Mwari Mweya. Jesu aiva mutumbi waigarwa noMweya waMwari; zvakaMuita Emanueri, Mwari mutabhanakeri panyika. Aiva Mwari. Jesu Kristu aiva Mwari, asi zvakadaro Aiva Mwanakomana waMwari. Nyama yaKe yaiva Mwanakomana waMwari, nokuti Mwari vakausika, asi, mukati, Aiva Mwari. “Handisi iNi,” Jesu akadaro, “anoita mabasa. NdiBaba vaNgu vanogara maNdiri.” “Nezuva iroro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; iNi ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Hezvoka izvo.

159 Zvino, ndinotenda kuti mudzimai uyu ari. . .Ini handimuzivi. Handifungi kuti ndinomuziva. Kana ndine, ini—ini—ini handichakuzivii zvino. Nda—ndakunganwai. Ndinofungidzira kuti ndizvo. Hongu. Ndizvo chaizvo.

160 Uye mudzimai uyo ari *apo*, handitendi kuti ndinomuziva; muzimai *uyu*, kana *uyo*. Handitendi kuti pane wanondiziva kunze kwaHanzvadzi Funk. Kana zvingava zviri izvo, simudzai maoko enyu. Kana ini. . . Ndizvo chaizvo. Zvakanaka, changamire.

161 Vangani kunze uko vanoziva kuti handikuziveyi, asi muri kurwara? Simudza ruwoko rwako, uti, “Ndi—ndinoda munamato. Ini. . .” Uye unotenda kuti Mweya Mutsvene unogona kukubata, nekukuitira chimwe chinhu, zvino ingosimudza ruwoko rwako, uti, “Ndi—ndi—ndinoda munamato.” Simudza ruwoko rwako. Mwari vakuropafadze. Vanhu vaviri *avo*. Mudzimai *uyu*. Zvakanaka. Mumwewo, mudzimai ari kumashure *uko*. Zvino, haufanirwe kunge uri kumusoro kuno.

162 Kwaivepo nemumwe mudzimai imwe nguva akabata hanzu yaKe. Zvino iYe akatendeuka, akati, “Ndiani waNdibata?”

Zvino, handiti, vakati, “Vose vari kukubatai iMi.”

163 Iye akati, “Asi ndanzwa kupera simba. Simba rabuda maNdiri.” Iye akati, “Ndapera simba. Simba. . .Ndanzwa kuti simba rabuda maNdiri.” Akatsvaga kusvikira Awana mudzimai uyu, ndokumutaurira nezvedambudziko rake reropa.

164 Mudzimai akati, “Rakange ramira kubuda.” Ndizvozvo here? Ropa rakange ramira kubuda, nokuti akange atenda Jesu Kristu. Zvakaisvonaka sei! Izvi i. . .

165 Zvino Jesu Kristu Muprisita Mukuru, usiku huno, anogona kubatwa nemanzwire ohutera hwedu. ChingoMubata. Zvitende. Vangani vanondiziva, asi vachiziva kuti handizivi dambudziko

ravo, asi unoda kuti Mwari vakupodze? Simudza ruwoko rwako. Uh-huh. Ndizvozvo.

¹⁶⁶ Zvino chingotaraisai kuno, mutende. Ivai nokutenda. Zvino, Bhaibheri rinotaura kuti Jesu mumwe chete, rinotaura kuti mabasa aAkaita anozoitwawo neavo vanotenda maAri, kunyanya mumazuva okupedzisira. Munotenda kuti tiri kurarama mumazuva okupedzisira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁶⁷ Zvino, rangarirai. Zviratidzo zvaMwari, kune vananyanjere, hupenzi. Zvinотора vomweya kuZvizarura, sevacheche.

¹⁶⁸ Zvino, muporofita akati, “Kuchauya zuva...” Zvino, apa aive makore zviuru zviviri nemazana mashanu akapfuura. “Kuchauya nguva yokuti hapangavi nousiku kana masikati. Richava zuva rakadzimaizwa. Asi nenguva yemadekwana, zuva richabuda, kuchava neChiedza.” Vangani vakamboverenga chiporofita ichi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvozvo. “Chiedza!”

¹⁶⁹ Zvino zvinoreveiko? Zuva, pamamiriro enyika, rinobudira Kumabvazuva uye rononyura Kumadokero. Uye chero munhu wose anoziva nhorooondo, anoziva kuti budiriro yehungwaru yakafamba kubva kuMabvazuva kuenda kuMadokero. China ndiyo ine budiriro yehungwaru yakatangira dzose kuvepo. Zvakanaka. Kubva Kumabvazuva kuenda Kumadokero, ndiyo nzira yakafambwa nebudiriro yehungwaru. Iye zvino, Mabvazuva naMadokero zvatatana. Ndisu tine budiriro yapamusoro pedzimwe dzose, sezvatinofungidzira. Vanhu vakabudirira pahungwaru kukunda vose ndeve...ava vanhu voKumadokero. Vanodarika pachimanjemanje. Vane zvinhu zvose zvechimanjemanje, nezvakadaro, nokuti budiriro yehungwaru yakawedzerwa payaifamba kuenda kumadokero.

¹⁷⁰ Zvino, chii chakawira pavanhu voKumabvazuva? Jesu Kristu akauya kuvanhu voKumabvazuva, uye Mweya Mutsvene wakauya neZuva rePentekosti. Wakaratidza zviratidzo zvikuru nemashura makuru, ndokubva Waenda.

¹⁷¹ Zvino pakava nenguva, kwapera makore 200 mushure merufu rwaKristu, panenge paboka rechipiri ravaapostora, zvino vakapinda mune 300, zuva maererano ne Pre-Nicene Fathers, nhorooondo yehoroondo yakayereswa yekereke, kuti ipapo vakaumba boka raidaidzwa kuti ma—madzibaba epakutanga. Zvino vakaumba iyo yave kuzivikanwa nhasi sekereke yeRoma Katorike muRome. Saka, vakagadzira sangano ravo rokutanga. Zvino Rome, kana kereke yeKatorike ichiti ndiyo “amai” kereke, zvezmazvirokwazvo ndiyo amai vekereke dzemasangano. Ndiyo kereke yokutanga kuve yakaiswa muhurongwa.

¹⁷² Makore mazana mashanu, yakapinda mukereke yeKatorike, kusvika pana Martin Luther. Akapikisa kereke yeKatorike,

nokuramba kuti chingwa chechirayiro mutumbi chaiwo waKristu, akazvipikisa, akakandira chingwa chechirayiro pasi. Akapiwa mutongo wokuzvirwadzisa, wokuti akambaire nemabvi ake, uye akaramba kuzviita. Zvino ndokuumba yatinoziva sekereke yeLutherani. Vaiva nemichina yokudhinda pachena, mapepa nezvimwewo.

¹⁷³ Zvino vakazoiisa munhurongwa ndokugadzira sangano sesangano rekereke yeKatorike. Zvakaramba zvakadaro kwemazana emakore akati kuti.

¹⁷⁴ Hapo kwakazouya Zwingli. Kwabva Zwingli...A—akange akaita sea—akati tsaukei. Aitenda, kuti, “Jesu aiva Mwanakomana waMwari, maererano nokuti iYe ‘ainzi’ Mwanakomana waMwari; asi, ‘mwanakomana waJosefa,’ uye haAna kuberekwa naMwari.” Zvino, vanhu ma—maSwiss vachakabatirira kudzidziso yaZwingli.

Kubva ipapo kwakazouya Calvin. Calvin akazoenda.

¹⁷⁵ Zvino kubva muna Calvin kwakabuda vamwe, kusvika tawana John Wesley. Akasimuka mumazuva ekereke yaCalvin yekuEngland, ava vaiva vanhu vechiAnglican, maAnglo-Saxon.

¹⁷⁶ Kubva ipapo kwakauya boka revanotenda muhutsvene, vanodanwa kuti Methodisti. Zvino pavakadaro, vakavaka kereke inonzi kereke yeMethodisti. Kubva mukereke yeMethodisti, kwakabuda kubva ipapo, imwe ichitevedzana neimwe. Ipapo kwakazouya Presbyteriani, zvino kubva muPresbyteriani kwakauya ma—maBaptisti, zvino maBaptisti kuenda kune. . . imwe kune imwe, uye zvichidzika, zvichidzika, zvichidzika.

¹⁷⁷ Kusvikira, kereke yokupedzisira kuumbwa iPentekosti. Zvino ropafadzo rechipentekosti rakauya muchimiro choMweya Mutsvene, vakariita sangano. Ndezvemazvirokwazvo.

¹⁷⁸ Mwari havana kumboronga rekereke, uye handitendi kuti vakambotsigira sangano. Bhaibheri rinotaura richipikisana naro, uye rinototaura, kuti, “Chipfeve,” kereke yeRoma, “ichapiswa pamwe nevana vayo.” Ndicho chokwadi chaicho.

¹⁷⁹ Asi kubva imomo, “Kwasvika zuva,” iro muporofita akati, “risava masikati kana usiku; rakadzimaizwa.”

¹⁸⁰ Dai vakava neChiedza chakakwana, vaizoti, “Saka, isu tinoita nharo. Tiri veBaptisti. Tiri veLutherani. Isu tiri *zvakati-zvikati*. Isu tiri *izvo*,” nokuda kwemasangano, zvokwadi duku yavakawana muBhaibheri.

¹⁸¹ Luther wakaumba sangano pakuti, “Vakarurama vachararama nokutenda.” John Wesley akaumba sangano, “Kucheneswa, ibasa rechipiri chairo renyasha.” VePentekosti wakaumba sangano pakuti, “Kutaura nendimi, ndicho chiratidzo choMweya Mutsvene.” Zvinhu zvose izvi ndezvechokwadi. Ichocho Chiedza, asi handicho Chose. Zvino pamunogadzira

chitendwa, munofanira kubva magara nacho. Hamuchagoni kufamba. Saka, Mweya Mutsvene unobuda kunze woenda kumwewo, ipapo vanoumba sangano nacho. Zvino, iyi ndiyo chaiyo nhorroondo inoyera.

Asi yava nguva zvino, “Zviedza zvamadekwana zvava pano.”

¹⁸² Budiriro yehungwaru yasvika kuno, uye zvino zuva rave kudoka kune budiriro. Magumo ava pano. Magumo enyika ava pano. Magumo enguva ava pano. Magumo ekereke ava pano. Zvinhu zvose zvasvika pamagumo. Uye sokunyura kwezuva. . . Zuva rimwe chete rinobuda Kumabvazuva, ndiro rinonyura Kumadokero.

¹⁸³ Mwari vakavimbisa, “Pachavepo neChiedza panguva yamadekwana,” kubudikidza nomuporofita. Mwanakomana mumwe chete akamuka akaratidza Mweya Mutsvene nomuna Jesu Kristu, kareko pamazuva okutanga, pamhenderekedzo dzenyika Kumabvazuva, iye zvino ari kupenya pamhenderekedzo dzenyika Kumadokero, muzuva rokupedzisira, achiratidza zviratidzo zvimwe chete zvakaporofitwa naJesu kuti zvichavapo. Zvingori. . . Aya Magwaro, shamwari. Asi, iwe, zviru kwauri, zvaunofunga nezvaWo, munoona.

¹⁸⁴ Pano pane mudzimai. Fambai nokuno uku, hanzvadzi, kana mungadaro. Sokuziva kwangu, handisati ndamboona mudzimai uyu. Handimuzivi. Anongori mudzimai, afamba ndokuyaya pano. Zvichida inhengo yekereke ino. Zvichida inhengo yepatabhanakeri, sokuziva kwangu. Handizivi. Anongori mudzimai, kana ndakambomuona kumashure kwanhasi, handizivi. Handizivi.

¹⁸⁵ Asi Mwari vanoziya mudzimai uyu. Zvakanaka, zvino, kana Jesu ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, saka ari pano nechikonzero. Ini handichizivi kuti chii.

¹⁸⁶ Ko dai izvi zvakafanana ne—nemudzimai aive patsime? Haifanirwe kuva mhando yenyaya imwe chete, asi kunogona kungova kusangana kwemurume nomudzimai nenzira imwe cheteyo. Zvichida mudzimai uyu mutsoropodzi. Kuda Mukristu. Kuda ari pano zvekungofungira, achiedza kutsvaga chimwe chinhu. Kuda ari kumusoro kuno nokuti anorwara. Kuda ari kumusoro kuno, akamiririra mumwewo munhu. Ini handizivi. Ndicho chokwadi. Handigoni kukutaurirai, asi Mwari vanoziya. Zvino iwe unoti. . .

¹⁸⁷ Ngatimboti ari kurwara, nokuti ishumiro yekupodzwa. Zvichida ndizvo zvaari; zvinogona kunge zvisiri izvo. Asi kana achirwara, uye akamira pano kuti anamatirwe, Mwari vanoziya kuti ini hapana chandinoziva pamusoro pazvo. Saka, zvino, kana ndisingazivi mudzimai uyu, pasina chandinoziva pamusoro pake, uye iye ari kutsvaga Jesu, kuti aporeswe, ndaimuudza izvi, kuti, “Nemavanga aKe wakapodzwa.”

188 Zvino, kupodzwa kwakangofanana neruponeso. Hauwani ruponeso usiku huno. Jesu paakafa, ndipo paAkabhadharira chivi chako. Iwe chako kungogamuchira. Waona? PaAkafa, Akabvisa zvivi zvenyika. PaAkafa, Akapodza munhu wose anorwara. Chikwerete chose chakabhadharwa.

189 Zvino, ko toti Jesu aive pano usiku huno muchimiro chomunhu, sezvaAkanga ari paAifamba muGarirea? Ko toti Ainge akapfeka sutu iyi uye akamira pano, uye mudzimai yu akamira pedyo naIshe wedu? Ungave—ungave. . . Ndingada chokwadi kumira saizvozvo, kwaAri. Tomboti dai mudzimai ainge amire ipapo, uye iYe amirewo pano? Zvino Aizoti kwaari, “Mudzimai, unotenda kuti Ndini iYe here? Kana usingatendi, uchaparara.”

Mukadzi aizoti, “Hongu, Ishe. Ndinotenda kuti iMi ndimi iYe.”

“Zvakanaka, unodei?”

“Ndinoda kupodzwa, Ishe.”

190 “Mwana wangu, haugoni kutenda here kuti Ndakazviita paNdakafa kare kuya uko, paya paNdakati zvapera? Rugwaro haruna kunyorwa here, urwo runotaura kuti Ndakakuvadzirwa kudarika kwenyu; uye namavanga aNgu makaporeswa?” Ndizvo zvacho.

191 Saka, zvino, aizoshamiswa, “Hameno kana ari Ishe? Kuti iYe. . . Chero ani hake anogona kutaura kudaro. Chero munhu wose anogona kuparidza kudaro, nokuti zvirimo muBhaibheri. Asi kana ari iYe zvezmazvirokwazvo, Aizoziva zvezmumoyo mangu, nokuti Akaziva zvezmumoyo wemudzimai wepatsime. Zvino Akavimbisa chinhu chimwe chetecho.”

192 Zvino, iYe haana kumboti Anozodzoka zvakare ari muchimiro chemutumbi kuzozviita, asi Anozotuma Mweya Mutsvene uyo unozogara matiri, kuti iwo Mweya Mutsvene yu waizozivisa zvakavanzika zvezmoyo. “Nokuti Achakuzivisa zvinhu zvinouya, nokuzivisa zvakavanzika zvezmoyo.” Ichokwadi here? Akazvivimbisa. Zvino kana Ari mumwe chete. . .

193 Uye ndi—ndinotaura izvi, kuti ndinotenda kuti Mweya mukuru yu uri pakati pedu ndiwo Mweya Mutsvene. Ndinotenda kuti Akandidanira chikonzero ichochi. Hazvindiite mumwewo munhu akadarika munhu aponeswa mangwanani ano; ndingori muranda wenyu, hama yenyu. Zvinotondiita muduku kwamuri, nokuti ndakatumwa kuzokushumirai. Ndiri muranda kune voruzhinji.

194 Shumiro kune voruzhinji, ndiye mushumiri; kushumira kune voruzhinji, kuva wepasi, kutakura kurohwa nokurwisana kwevanhu. Chero zvazvingave, mira ipapo. Kana usina nyasha dzakakwana dzokunyemwerera uchizvigamuchira,

ipapo unofanira kudzokera kuKarivhari kundosimbisa patsva kutumwa kwako. Ndizvo zvaunofanira kuita zvino.

¹⁹⁵ Asi kana Kristu ari pano, zvino regai Kristu ataure. Handizivi mudzimai uyu. Mwari vanoziva. Handizivi mudzimai uyu. Hapana chandinoziva pamusoro pake. Asi kana ndataura chokwadi, zvino Jesu Kristu anofanira kumira neShoko raKe, nokuti iRo ndereChokwadi. Ko izvi zvinoriita rechokwadi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Tose tinotozvutenda izvi. Zvakanaaka.

¹⁹⁶ Zvino pano ndipo panouya mangange. Kuti Rugwaro nderwechokwadi here, kana kuti haRwusi? Zvino, pano ndipo... Hakuzi kunze mune dzimwe kamuri dzerima. Hakuzi kunze uko kunoshandira dhiyabhorosi. Ndepano chaipo pamberi peimba yaMwari, pamberi chaipo pevatsvene vakazodzwa pamwe nevana vaMwari, vakatengwa neRopa raKe. Timire pano, tiri vaviri, pamberi paMwari nepamberi pepuratifomu tsvene iyi, Bhaibheri iri, Mweya Mutsvene uri pano. Zvino chii chichaitika? Ndiri munhu, sezvaungori. Zvino, zvinofanira kutora Mwari, zvinofanira kutora Mweya kana kuti hazvishandi. Asi ndinoziva kuti iYe ari pano. Akaita vimbiso. Haangaregi kuzadzisa vimbiso.

¹⁹⁷ Zvino, Ishe, kubva iko zvino ndinonamata kuti iMi muzviratidze pacheNyu, kuti vanhu vaone kuti iMi muri Mwanakomana waMwari. Uye izvi zvinotenderwa neMi, kuzadzisa Shoko kwatiri isu veDzindudzi. MaJudha akazviona mumazuva avo. MaSamaria akazviona mumazuva avo. Asi veDzindudzi havana kuzviona, nokuti zvakanga zvakavanzwa kubva kwavari. Zvino makati vaizova nezva ravo. Zvino rave zera reveDzindudzi, uye Muri kuvaratidza. Kana makazvizarura pacheNyu saMhesia, kumaJudha, nokuudza Petro kuti aiva ani, mukaudza Natanaeri paakanga ari; uye Makazvizarura pacheNyu kumaSamaria, nokuudza mudzimai kuti, dambudziko raaiva naro; saka iMi hamungasiyi veDzindudzi, nokungojoinha kereke kwega. Vanofanira kugamuchira chomweya, nokuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, uye iMi munoZvizivisa zvimwe chete. Zviitei, Ishe, zvichava saizvozvo, kuzadzisa Shoko reNyu. NemuZita raIshe Jesu Kristu, ndazvikumbira.

¹⁹⁸ Uye, Baba, ndinonamata kuti iMi muchengetedze vanhu. Nokuti, tinoziva kuti kana mweya yetsvina iri pavanhu ava vanorwara, inoenda kuvatsoropodzi nevakadaro. Saka ndinonamata kuti Mutichengetedze uye mupe tsitsi kwatiri tose. Takumbira nemuZita raKristu. Amen.

¹⁹⁹ Ndinongoda kuti mungodavira. Kutanga, ndinongoda kutaure nemi, saIshe vakataura nomudzimai patsime.

²⁰⁰ Zvino unoti, “Seiko muri kuita izvozvo, Hama Branham?” Kubata mweya wako.

SezvaAkaita, akati, “Ndipewo mvura Ndinwe.”

²⁰¹ Akauya, akaunza mvura yokunwa, aizounza mvura yokunwa. Asi akati, “Hazvibviri kuti imi maJudha mukumbire maSamaria zvakadaro.”

²⁰² Akatanga kutaura naye, “Dai waiziva kuti Ndiani waunotaura naye.”

²⁰³ Zvino, pane izvozvi, hatizivani, tasangana nguva yedu yokutanga. Zvino, uri pano nechikonzero. Handichizivi kuti chii. Asi kana Ishe Mwari vakandizarurira zvawavinga pano, kana chimwe chinhu chawakaita, chimwe chauri kutarisira kuti chiitwe. Uye kana Vakakuudza zvawaiva, chokwadi Vanozivawo zvauchazova. Nokuti iwe unozoziva kuti ichokwadi here kana kwete. Unoziva kana chiri chokwadi, nokuti ndiwe wakararama chikamu ichocho choupenyu. Saka, kana Vachikwanisa kukuzivisa zvawaiva, nokukwanisa kuzokutaurira zvauchazova, zvirokwazvo unganzwa zvakanaka kuti uzviite, haungadaro here? Hongu unodaro. Saka ndicho chakavanzika chacho. Maona? Ndiro simba racho. Ndiwo Mweya Mutsvene, kuzvizarura pachaKe, sezvaAkavimbisa.

²⁰⁴ Zvino, uri mu—uri mudzimai, ini ndiri murume. Takamira pano. Une mweya, ungadai usina kumira ipapo. Ini ndine mweya; kana kuti ndingadai ndisina kumira pano. Ndiri kuona kuti muri Mukristu. Nokuti, kamwe-kamwe mweya wenyu pawangobata pano, une kuchingamidza. Mweya Mutsvene, uri pamusoro pedu, unokucherechedza somwana waKe. Zvino, handina kana ruzivo, kuti mudzimai uyu Mukristu, kana mutadzi, kana uyo anomhura, kana chii, asi mweya uya.

²⁰⁵ Uye zvino kana unganano... Vangani vakamboona mufananidzo weMutumwa uya waJehovha, uyo wavanawo kuWashington, DC, nokumwe kwese? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? HeUno aripo pano, pano chaipo pakati pangu nemudzimai.

²⁰⁶ Zvino, nobvuma, kana kuti unoziva kuti pane Chimwe chinhu chiri pedyo newe, manzwiwo chaiwo anotapira. Ndizvo chaizvo. Kuti vanhu vazvize, ingosimudza ruwoko rwako, kuti vaone. Manzwiwo chaiwo anotapira. Ndakatarisa ndakanangana neChiedza icho. Chiri kufamba pakati pangu chaipo nemudzimai.

²⁰⁷ Zvino, Shongwe iya yoMoto yaitevera vana veIsraeri, murenje. Yakambenge iri mugwenzi raipfuta, rakataura naMosesi. PaYakazomiririrwa muMunhu, Jesu, iYe akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI.” NDIRI ndiye Aiva mugwenzi raipfuta.

²⁰⁸ Uye mabasa akaitwa naNDIRI, apo paYakanga iri muna Jesu, akavimbisa kuti Yaizouya zvakare mumazuva okupedzisira kuzoita zvimwe chete zvakare. Heinoi iYi, Shongwe yoMoto imwe cheteyo. Vezvesainzi vanozviziva. Nyika inozviziva. Kereke

inozviziva. Isu tinozviziva. Heinoi iYi. Zvichashanda here? Chinhu chimwe chete here? Zvemazvirokwazvo. Chinhu chimwe chete.

209 Pane chimwe chirwere chemuropa chakakanganisika mumudzimai uyu. Ndinoona ropa, rinoratiza sokunge rakatetepa kana jena. O, chirwere cheshuga. Ane chirwere cheshuga. Ndizvo chaizvo. Handizivi mudzimai uyu. Ngaachiva iye chapupu. Wongororo yakaratidza chimwe chinhu chokuti chirwere cheshuga. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvo chaizvo.”—Mupepeti.] Ndiro dambudziko renyu. [“Ndizvo chaizvo.”] Ichochochokwadi.

Zvino iwe unoti, “Mafembera izvozvo, Hama Branham.”

210 Tichaona kana iYe afembera. Kunze kweizvi, anorwara nokuhuta-huta kwakakura kwazvo. Ndizvo chaizvo. [Hanzvadzi inoti, “Hongu ndizvo zvandinazvo.”—Mupepeti.] Une chimwe chinhu chisina kuita zvakanaka nemakumbo ako zvakare. [“Ameni. Ndizvo zvandinazvo.”] Iyi iZVANZI NAJEHOVHA. Hakuzi kufembera uku, ndiko here? [“Kwete, changamire.”] Haugari muno. Wabva Kumawodzanyemba. Unobva kuTexas. [“Ndizvo chaizvo.”] Zita rako rinonzi Mai Christian. [“Ndizvo.”] Dzokera kwawabva; wapodzwa. [Ungano inofara.] . . . ? . . .

211 Zvino, uku hakuzi kufembera, ndizvo here, shamwari? Uyu Mweya waShe. “Kana ukakwanisa kutenda.”

212 Mirai zvishoma. Maona? Maona? [Hanzvadzi inofara—Mupepeti.] Ari kungofara hake zvino, achiwana nguva inoshamisa muMweya. Maona? Chiripo chaititika kwaari. Chituko chabva pamudzimai. Dai wanga uchitambudzika saizvozvi, zvichida waizonzwawo zvimwe chete.

213 Zvakanaka, mudzimai. Zvino, unotenda here kuti Ishe Jesu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti.] Kana Ishe Jesu vakataura nemandiri vondizivisa kuti dambudziko rako chii, unozoziva kana chiri chokwadi kana kwete. Hausi pano wakazvimiririra. Uri pano wakamiririra mumwewo munhu, mwanakomana wako. Mwanakomana ane dambudziko remapapu, uye nedambudziko muura. Zvino, hengechepfu yawapukutisa nayo misodzi, uyiise paari. Usapokana. Iye achapora. Usapokana. Mwari vakuropafadze, hanzvadzi.

214 Makadini, amai? Zvino, mudzimai uyu amire pano ane mumvuri werufu paari. Unotenda here kuti Ishe vanogona kukupodza? Mwari vanopodza kenza. Unozviziva izvozvo. Ikenza yepazamu. Ndizvo chaizvo. Asi uri kugamuchira kupodzwa kwako. Ndimi Mai Woodward. Dzokerai, tendayi nomoyo wenyu wose, ichabva pamuri. Kana mukaramba muchitenda sezvamuri kuita iye zvino, hamuzofi nayo. Mwari vakuropafadzei. Endai zvenyu muchifara. Muve nokutenda.

215 Zvino, uyu ndiye mudzimai wacho, ndinotenda, ambotaura neni mangwanani anhasi, ndokuti wakambopodzwa mumusangano kare. Zvakanaka. [Hanzvadzi inoti, “Makore manomwe apfuura...?...”—Mupepeti.] Makore manomwe apfuura. Zvakanaka.

216 Famba uchikwidza kuno, uchibva pafeni iyo, kana uchigona, zvichida unondinzwazviri nani zvizhoma. Famba nouku, swedera zvizhoma kuno.

217 Zvino, pakuziva kwangu, tiri vanhu vasingazivane, zvisingadariki kungotaura kuti “makadini” kwamuri, mangwanani ano. Ndakuudza kuti, kana uchida chimwe chinhu chezvokunzverwa, zviri nani kumirira kusvika usiku huno, kuitira kuti tozopinda pamwe chete mukamuri zvino torenga Mweya Mutsvene uchizarura chimwe chinhu zvichida chinozotibetsera. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvo chaizvo.”—Mupepeti.]

218 Zvino, uri kurwara kwazvo, nokuti uri kutotadza kumira ipapo. Uye u—unoda kutenda. Uri kuyedza kutenda. Wakambove nemumvuri werufu, zvakare. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvo chaizvo.”—Mupepeti.] TB iya, kana chimwe chakadaro, chawaiva nacho makore akapfuura. [“Pandaiva namakore gumi namashanu.”] Uye zvino une dambudziko muhuro yako. [“Hongu.”] Uye uri kutyira kuti ikenza. [“Pane zvinobuda kubva muhuro mangu.”] Uri kutya kuti ndizvo zvazviri. Uri kunetseka kuti ndizvo zvazviri here. [“Ndizvo chaizvo.”] Uyewo une- . . . Unoda kunamatirwa. Uri kunamatira chimwe chinhu, kana mumwe munhu ari mumba menyu. Ndizvo chaizvo. Unobva kuOhio, Mai McCarroll. [Hanzvadzi inowungudza.]

219 O Ishe Mwari, Musiki wematenga nenyika, dzingai kutya kubva kumwana uyu. Kana Makambomuraramisa, makore mazhinji apfuura, kubva pamumvuri uya, ndokuonekwa uchibva, zvinogona kuve saizvozvo usiku huno. Ndinotuka dhimoni iri; siya mudzimai uyu, nemuZita raJesu Kristu. Dai adzokera uye aita zvakanaka, ozouya kumusangano unouya, achipa chapupu chokupodzwa uku. Nemuzita raJesu Kristu. Amen.

220 Usapokana kana nepaduku pose. Enda kumba, upore. [Hanzvadzi inoti, “Munofunga kuti ndinoita zvakanaka here, Hama Branham?”—Mupepeti.] Chokwadi. Ndinotenda kuti matoita zvakanaka. Ingofamba uchienda hako uko, uchifara, uchiti, “NdinoKutendai, Jesu.” [Ungano inofara.]

“Kana uchitenda, zvinhu zvose zvinogoneka.”

221 Munotenda here, changamire? Munotenda here kuti ndiri muporofita waKe? [Hama inoti, “Ndinotenda.”—Mupepeti.] Kwete. . . Muranda waKe bedzi, munooona, ngatizvitaurei kudaro. Tiri vanhu vasingazivane. Ini—ini handikuzivei, uye imiwo hamundizivi. Zvino pane chimwe chinhu chaitika

kumwewo, chimwe chinhu chaitika muungano. [Hama Branham vanomira kwemasekonzi gumi.] Kwete, handizvo. Zvimwe zvakare. Ndomumwe munhu wamuri kunamatira. Mwana. [“Ndizvo chaizvo.”] Ndizvo chaizvo. Zvakanaka. Anga ari Mwana. Ndambofunga kuti anga ari mwana ari muungano, asi mwana wenyu. [“Ndizvo chaizvo.”] O, ane zvakanakanda zvisina kuita zvanaka. Ari kuenda kundovhiiwa heniya, nezvimwe. Munobva ku Illinois. Dzokerai, muve nokutenda. Mwana wenyu achaita zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Uyai. Ishe vakuropafadzei.

Munotenda? Ivai nokutenda muna Mwari. Musapokana.

222 Ndinoziva murume uyu agere pano mukona. Handizive zita rake, asi ndinoziva kuti anopinda pano. Anouya kuno, apo neapo. Anobva kuMichigan. Asi agere apo, achinamata. Handizivi kuti dambudziko rake nderei, kusvika iko zvino, asi ndava kuziva zvino. Saka ndava kumutaurira, nokuti ndinotenda kuti zvichamubatsira. Dambudziko renyu remusana rakusiyai. [Ungano inofara—Mupepeti.] . . .? . . . Ivai nokutenda.

223 Munotenda nomoyo wenyu wose here, changamire? Chirwere cheropa, chirwere cheshuga. Hamugari muno, zvakare. Munobva kuGeorgia. [Hama inoti, “Ishe ngaVarumbidzwe.”—Mupepeti.] Munonzi VaJonhson. Dzokerai, muchitenda nomoyo wenyu wose. Chichakusiyai.

224 Zvino, o, handikuziviyi, handitendi kudaro. Asi ndaona Mai Scharrer vachioneka pano. Vari muno here Mai Scharrer? O, vari kunamatira chinhu chimwe chete chiri kunetsawo mudzimai *uyu*. *Imi* mune mudumbu munonetsa, uye *imi* mune mudumbu munonetsa. Ndizvo chaizvo. Idhimoni iro riri kuyedza kukubatai mumwe nemumwe wenyu. Mapodzwa. Endai muve munoita zvakanaka. [Ungano inofara—Mupepeti.] . . .? . . .

225 Hamuzvitendi izvi here, munodaro? Munotenda kuti Mwari achamupodza here, kumuita mutano, mukomana muduku? Munotyira kuti iTB. Asi munotenda kuti Mwari vanomuita kuti zvinake? Musanetseka, Hanzvadzi Funk, anoita zvakanaka. Mwari vakuropafadzei.

226 Ndiani zvakare ane makadhi emunamato? Tarisai, kuda mumwe kana vavirizve, ndinofungidzira.

227 Ava ndiamai wenyu? Ndavaona vamire pedyo nemi. Vane humbu yavanoda kunamatirwa. [Hama inoti, “Ndizvo chaizvo. Ndizvo chaizvo.”—Mupepeti.]

228 “Kana uchikwanisa kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Ingova nokutenda muna Mwari. Chero ani wenyu, tarisa urarambe. Munozvitenda here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Handiti, Kristu ari pano.

229 Muri kunzwa musiyano zvino, handizvo here, hanzvadzi? Zvino endai henyu kumba munoita zvakanaka zvino.

Chingo... [Hanzvadzi inoti, “Munotenda here kuti ndichaita zvakanaka?”—Mupepeti.] Hongu, chokwadi. Zvemazvirokwazvo. Zvemazvirokwazvo. Ndinotenda kuti maita zvakanaka. Chokwadi. Ameni. Kungoti, ndinoona, iwe, une manzwire ekuzvinyarira akakuputira, uri kuona, asi simba racho rabviswa, maminiti mashoma achangopfuura. Zvino chingoramba uchitenda. Ramba uchishingirira. Enda mberi, taura, “Nemavanga aKe ndakapodzwa.” Ramba umire pakuita izvozvo, uye ucharamba uchienda mberi, pakunopodzwa. Zvinhu zvose zvichafamba zvakanaka. Pari kuratidzika kuva neChiedza chakakupoterredza zvino, panga pambori nerima pawanga uri pano, papuratifomu. Waita zvakanaka. Ropafadzo riri pauri zvino, kana ukaramba uchingoenda mberi.

²³⁰ Zita raShe ngarirumbidzwe. Munotenda nomoyo wenyu wose here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinonzwa kuti Mweya Mutsvene uri kuda kuita chimwe chinhu, chakanyatsotsaurwa. Ameni.

²³¹ Mira kuchema, necheuko, mudzimai. Uri kunamatira shamwari iri muchipatara chekuNew Albany, ane TB. [Hanzvadzi inochema ichidaidzira—Mupepeti.] Uh-huh.

Munotenda here kuti Ari pano? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana zvino.

²³² Mweya Mutsvene waMwari, apo nyama yangu ichidedera, yakazodzwa neHupo hweNyu; kwete yangu ndoga, asi nevawewo vari muno; Simba rokumuka kweNyu kuvakafa rinorarama pakati pedu iko zvino. Tinoziva kuti takamira pamberi paMwari mupenyu Uyo akazunguza Gomo reSinai. Kwete izvozvo chete, asi Richazunguza nyika paKuuya kwaKe, Uyo akamutsa Jesu kubva kuvakafa, uye amire pano mukereke duku iyi usiku huno. Ishe, hatigoni kuvaka nzvimbo inokodzera kuti iMi muuyemo. Asi, mukuzvininipisa kweNyu, Munouya kune kanyanyisa kuninipa. Tinotenda vakanyanya naizvozvo. Matishanyira. Mazviratidza pacheNyu pakati pedu.

²³³ Tinotenda Shoko reNyu. Ishe, ndaRitaura, somuranda weNyu. Zvino dai tachienda mberi, sezvatarairwa neMharidzo. Dai tachienda mberi, muSimba rokumuka kwaKe. Ngakurege kuva nomumwe munhu ane hutera; dai Mweya Mutsvene muhuzaro wadzwa imba ino zvino upodze munhu wose ari muno. Ngakurege kuva nechimwe chirwere chinosarazve pakati pedu. Ngakushaikwe kupokana chero kumwe chete pakati pevanhu. Ngakuve nekuzunguzwa kwakanyanya pakati pavanhu, iye zvino, kuti vanzwe kuti zvinhu zvose zvanaka. Zviitei, Ishe.

²³⁴ Apo takakotamisa misoro yedu, ndinoda munhu waugere pedyo naye, ndinoda kuti iwe uturike maoko pamusoro pomunhu

ari pedyo newe. Ingoturika maoko ako paari. Muno mukati kana panze, zvisinei kuti uripi, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nomumwe. Handina basa kuti chii chaunoda. Izvozvo hazvina basa kana nepaduku pose. Handina basa kuti munhu wacho aripi, anogona kunge ari mhiri kwemakungwa, mhiri kwenyanza. Hazvina basa kuti ndekupi, Mwari vanofukidza nzvimbo yose, vanozadza nguva yose. Vane masimba ose. Vari kwese-kwese. HaVa—Vana magumo. Vari pano zvino. Vanonzwa munamato wako.

²³⁵ Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino mumwe nemumwe wenyu uri mutendi. “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vanopora.”

²³⁶ Maisa maoko enyu mumwe pamusoro pomumwe. Makabatana kumusoro kuno, seboka. Zvino ndinoda kuti munamatirane. Namata nenzira yako. Mumwe nemumwe wenyu chingotangisa kunamata. Namatira ari pedyo newe, uti, “Ishe, podzai munhu wandaisa maoko angu pamusoro pake.”

²³⁷ Ishe Jesu, apo vari kunamata, inzwi minamato yavo, Ishe, kuti vagoziva kuti handi muranda mumwe chete bedzi. Ivowo varanda veNyu. Tose tiri chinhu chimwe. TinoKudai, Ishe. Zvinhano zvedu zvakasiyana, zvitendwa zvedu zvakasiyana, masangano edu haatiparadzanisi kubva kuna Mwari mupenyu. Iko zvino tiri muHupo hwaKe. Tinotenda nokuvonga kuti Muri pano. Hatina kukodzera Hupo hweNyu, asi tinonamata kuti Mupindure munamato wedu. Tiri kuita izvi maererano neShoko reNyu. Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Zvino vakaisa maoko pamusoro pomumwe nomumwe. Itai kuti Mweya Mutsvene mukuru Uyo anogona kuzarura zvakavanzika zvemoyo, zvakavimbiswa neBhaibheri, Jesu mupenyu akamuka kuvakafa Uyo akavimbisa kuti anenge ainesu kusvika kumagumo ekupedzisira, regai iYe iko zvino achiita basa raAkavimbisa. Tinokutendai iMi, Ishe, tichiisa ungoro ino mumaoko eNyu, nemuZita raIshe Jesu Kristu. Amen.

²³⁸ Pamusoro pemvumo iri pachena yeShoko rakanyorwa raMwari Samasimba, kubudikidza neumbo hwoMweya Mutsvene Uyo aripo pano, anoziva zvakavanzika zvemoyo uye anozarura zvakavanzika kuvanhu; pamusoro peHupo hwaiYe, hwaro hweShoko raMwari, ndinotaura kuti mumwe nemumwe wenyu, “apodzwa,” nemuZita raJesu Kristu. Mochienda henyu musanorwara zvakare. Mwari ngavakuropafadzei pamwe nokukuchengetedzai.

²³⁹ Ndinotarisisira kukuonaizve, nokukurumidza chaizvo. Kusvikira nguva iyoyo, ndinodzosea shumiro kune mufudzi, Hama Jackson. Mwari vakuropafadzei.



SEIKO UCHICHEMA? TAURA! SHO59-1004E
(Why Cry? Speak!)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 4 Gumiguru, 1959, paFaith Assembly muClarksville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org